

**KAPITAYAN MARANG BANGSA ALUS SAJRONE CRITA MISTERI NGINCENG
DONYANING LELEMBUT ANGGITANE ST. SRI EMYANI
(TINTINGAN ANTROPOLOGI SASTRA)**

Alfiyah Meysari Nurhidayati

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya
alfiyahnurhidayati@mhs.unesa.ac.id

Drs. Bambang Purnomo, M. S

Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Cermis *Nginceng Donyaning Lelembut* (dicekak NDL) anggitane ST. Sri Emyani mujudake wadhah kanggo nginceng jagading bangsa alus, mligine bab kapitayan. Cermis NDL nyatakake bab paguripan sajrone jagading bangsa alus kang ana sesambungan karo kapitayan manungsa. Adhedhasar lelandhesan panliten kasebut, underane panliten iki yaiku (1) Kepriye kapitayan bab ana lan wujud bangsa alus, (2) Kepriye kapitayan bab watak lan panguwasane bangsa alus, (3) Kepriye kapitayan masyarakat marang bangsa alus, kang sesambungan karo aspek Sosiokultural, (4) Kepriye relevansi sosial kapitayan bangsa alus sajroning bebrayan. Panliten iki nduweni paedah yaiku kanggo ngrembakake kawruh anyar ngenani bab kapitayan marang bangsa alus. Panliten iki uga kanggo sarana medhia pasinaon manungsa supaya tansah ngati-ngati anggone nindakake samubarang. Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif amrih bisa menehi gambaran kang gamblang lan objektif ngenani kapitayan masyarakat marang jagading bangsa alus. Tata cara kang ditindakake sajrone panliten yaiku teknik kapustakan, waca, nyathet, wawancara, lan angket. Sumber data utama yaiku cermis NDL anggitane ST. Sri Emyani diterbitake dening Paramarta Yayasan lan Sangar Sastra Jawa Triwida taun 2013. Teori kang digunakake minangka landhesan kanggo mawas perkara-perkara mau yaiku antropologi sastra diandharake dening Ratna lan Endraswara. Data-data kang digunakake sajrone panliten arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana sajrone cermis NDL. Tata cara panglumpuking data sajrone panliten iki nggunakake teknik pustaka, wawancara lan angket dening masyarakat kang cocog, yaiku saka golongan pangripta, pamuka agama, sesepuh desa, lan masyarakat umum.

Asiling panliten iki nuduhake, menawa cermis NDL dumadi saka pirang-pirang perangan kanthi irah-irahan tartemtu lan digambarake kanthi crita kang beda-beda. Perangan asile panliten ngenani bab kapitayan marang bangsa alus, kang laras karo underane panliten, yaiku (1) kapitayan bab anane bangsa alus, (2) kapitayan bab wujud bangsa alus, yaiku Lelembut (jim langgar, lan peri prayangan); Memedi (wewe, pocongan, gendheruwo, siluman), (3) kapitayan bab watake bangsa alus, yaiku watak positif lan negatif bangsa alus, (4) kapitayan bab pangwasane bangsa alus, yaiku piukuman, piweling, pambiyantu bangsa alus, ilmu pengasihan, sumbering kasekten, kesagahane bangsa alus marang panjaluke manungsa, (5) kapitayan bab sosio-kultural, yaiku syarat lan sarana (tirakat, pralambang impen, sesaji, pusaka tutkem, ngalap berkah, sedekah bumi utawa bersih desa); sesambungan manungsa lan bangsa alus, (6) relevansi sosial sajrone pawarta, (7) relevansi sosial aspek pamawase masyarakat. Kapitayan mujudake tradisi kang winaris saka leluhur. Bab Kapitayan marang bangsa alus iku ana lan isih ngrembaka sajrone masyarakat Jawa. Manungsa lan bangsa alus minangka titahe Gusti Kang Murbeng Dumadi, diciptakake kanggo nyeimbangake donya, mula kelorone kudu tansah njaga tata krama, solah bawa, lan ngati-ati anggone nindakake samubarang.

Kata Kunci: *Crita Misteri, Antropologi sastra, kapitayan, bangsa alus.*

PURWAKA

Lelandhesane Panliten

Manungsa diciptakake dening Gusti sajrone jagad gumelar kanthi sampurna, nduweni akal lan pikiran. Akal pikiran kasebut kanggo nuntun manungsa nggayuh drajat kamulyan sajrone urip bebrayan. Kanthi akal lan pikiran, manungsa uga bisa ngrantam aspek budaya kang wis dadi pakulinan saben dina kanggo sesambungan urip ing masyarakat. Koentjaraningrat (1984:25) ngandharake yen aspek budaya diripta manungsa kanggo nyusun nile-nile sosial kang ana sajrone masyarakat, kayata kapitayan, adat istiadat, norma, ukum, moral, lan seni.

Nile budaya nuwuhake salah sijine bab kang nggayutake kapitayan masyarakat karo bab kang ora kasat mripat, yaiku jagading lelembut. Endraswara (2006:38) ngandharake yen kapitayan marang bab kang

dumadi sajrone jagad gumelar iki, asipat nyata lan *dogmatis* (manut). Bab kapitayan marang jagading bangsa alus asipat nyata lan ana ing bebrayan, dipercaya lan diugemi masyarakat, yen bab kapitayan menika bab kang turun temurun saka leluhur.

Kapitayan kang diwarisake leluhur, pangetrepe ora kaya jaman biyen, yaiku manut marang aturan, norma, sajrone adat istiadat. Jaman saiki kapitayan masyarakat marang leluhur utawa bangsa alus, lan samubarang kang sakral, panganggo lan pangetrepe saben manungsa beda-beda. Tujuwan kasebut gumantung ati lan kapitayan saben dhiri pribadhi marang bab kang ora kasat mripat (bangsa alus).

Masyarakat jaman biyen kang manut marang aturan kang wis turun tumurun, ana sajrone masyarakat yaiku percaya marang leluhur, lan samubarang kang sakral, nduweni unsur gaib kayata bangsa alus (Surana, 2017). Kapitayan ngenani jagading lelembut diugemi masyarakat Jawa kang percaya ngenani bab-bab gaib lan elmu *spiritualitas*. Bab-bab kang ora kasat mripat bisa mujudake kakuwatan tartamtu kang linuwih saka daya-dayane manungsa.

Masyarakat Jawa kerep nggayutake bab-bab kang dumadi sajrone urip karo kakuwatan sajabane. Kakuwatan kang dianggep nduweni pangaribawa gedhe tumrap bab-bab gaib utawa bab kang sakral. Kapitayan kaya mangkono nganti saprene isih ngrembaka lan diugemi masyarakat Jawa. Kapitayan mau tuwuh wiwit jaman Hindu-Budha, sajrone isih akeh wong Jawa nganut animisme lan dinamisme (Endraswara, 2006:13).

Kapitayan animisme lan dinamisme nuwuhake kapitayan marang samubarang kang sakral, Dewa, lan leluhur. Percaya marang bab kang ora katon, kayata bangsa alus. Endraswara (2006:28-31) ngandharake yen bangsa alus dipercaya minangka kanca kang ora bisa dipisahake karo manungsa. Manungsa bisa sesambungan karo jagading lelembut kanthi tirakat lan semedi, saperlu kanggo ngolehake wangsit, lan bisa sesambungan langsung kanthi tujuwan tartamtu. Samubarang kang dumadi sajrone jagad iki wis ginaris saka Gusti, minangka katentuan kang nyata lan ana. Katentuan kang dipercaya dening masyarakat Jawa, yen Gusti nyiptakake manungsa lan bangsa alus kanthi wujud kang beda, nanging tujuwan kang padha. Tujuwane yaiku nyembah marang Gusti, kanthi nindakake kautaman lan ninggalake tumindak kang ala. Saben titahe Gusti ditakdirake nduweni watak lan daya-daya kakuwatan kanggo cekelane urip.

Bangsa alus minangka titahe Gusti kang ora bisa ditampa dening panca indriya. Bangsa alus uga minangka kanyatan faktual ing panguripan, bisa tuwuh saka proses interaksi rasa pangrasa antarane manungsa lan bangsa alus. Bab mau uga diandharake sajrone karya-karya fiksi, kanthi sipat kang tinulis saka pangalaman lan kawruh pengarang. Pengarang nggunakake cipta, rasa lan karsa sajrone nyiptakake karya tulis kang endah. Salah sawijine karya fiksi uga nyritakake bab bangsa alus, yaiku crita misteri. Crita misteri kacekak dadi 'cermis'. Cermis kalebu jinise karya sastra anyar lan modern. Crita misteri mujudake unsur kang ngandhut aspek budaya, kayata kapitayan marang jagade lelembut. Kapitayan marang jagading bangsa kang ora kasat mripat, dumadi ana sawijine pengalaman kang nyata uga bisa saka sejarah utawa mitos masyarakat. Kapitayan kasebut bisa tuwuh ing panggonan kang dianggep nduweni kedadeyan sejarah, lan panggonan kramat utawa wingit. Salah sijine karya sastra kang ngandhut kapitayan marang jagading bangsa alus, yaiku cermis kang diripta dening St. Sri Emyani.

St. Sri Emyani kalebu pangripta kang prodhuktif nyerit karya-karya sastra Indonesia lan sastra Jawa modern. Sawijine karya fiksi kang dadi data panliten yaiku crita misteri kang diripta dening St. Sri Emyani. Cermis kanthi irah-irahan *Nginceng Donyaning Lelembut* (dicekak dadi NDL). Crita misteri kasebut kapacak ing Udyana Mekar Sari lan Djaka Lodang, katulis 26 irah-irahan kumpulan crita wiwit taun 1990-2004 kang diterbitake sepisanan taun 2013 penerbit Paramara

Yayasan lan Sangar Sastra Jawa Triwida. Saka irah-irahan kasebut nggambarake minangka wadhah kanggo nginceng samubarang kanthi jembar ngenani jagade bangsa alus kang ndadekake kapitayan marang masyarakat.

Kapitayan ngenani bab ana lan orane bangsa alus tegese bangsa alus kuwi ana, nanging bangsa alus abadan alus tan ora katon. Anane wujud bangsa alus nduweni titikan wujud, sipat, panggonan lan tumindak kang beda-beda. Bangsa alus mujudake kapitayan masyarakat ngenani bab kang ora kasat mripat. Bab bangsa alus kalebu bab kang ora gampang dijlentrehake amerga kalebu kawruh gaib kang ora kasumurupan. Miturut Geertz (1986: 19-35) Jinise bangsa alus diperang dadi lima, yaiku: 1) lelembut; 2) memedi; 3) thuyul; 4) dhemit; lan 5) dhanyang.

Wujud bangsa alus mau nuwuhake tumindak lan bab panguwasane bangsa alus. Panguwasane bangsa alus mujudake kakuwatan kang bisa mujudake sesambungan anarane bangsa alus lan manungsa, uga manungsa marang bangsa alus. Dene panguwasane bangsa alus bisa mujudake kakuwatan supernatural kang nduweni pangaribawa apik lan ala, antarane kanggo sarana piwales, piweling, golek pitulungan, kasekten, pesugihan, penglarisan, lsp.

Jagade bangsa alus yen dideleng saka wujud lan panguwasane kuwi nyata, neng ora kasat mripat. Bangsa alus ora kabeh nduweni sipat kang *negatif*, uga ana bangsa alus kang nduweni sipat positif. Wujud bisa dadi pangeling-eling manungsa supaya tansah ati-ati, lan kudu tansah eling karo Gusti Kang Maha Mubeng Dumadi. Manungsa ora nganti nindakake pakaryan kang uwal saka aturan, norma, ukum, lan adat istiadat kang ana sajrone masyarakat. Manungsa kang nganggo panguwasane bangsa alus kanggo tujuwan kang ala, tumindak kasebut ora bakal nggawe urip manungsa mulya, nanging tumindak kasebut nggawe manungsa cilaka lan kagolong wong kang rugi.

Panliten Kanthi irah-irahan "*Kapitayan marang Bangsa Alus sajrone Cermis Nginceng Donyaning Lelembut Anggitane ST. Sri Emyani*", mujudake bab ana lan wujud bangsa alus; bab watak lan panguwasane bangsa alus; bab sosio-kultural (budaya masyarakat); lan relevansi sosial. Andharan iku mau minangka landhesan kanggo njlentrehake bab-bab sing dipunjerake ana ing underan panliten.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten mau bisa didudut underane panliten, kanthi kapilih objek panliten yaiku cermis NDL Anggitane ST. Sri Emyani.

- 1) Kepriye kapitayan bab ana lan wujud bangsa alus?
- 2) Kepriye kapitayan bab watak lan panguwasane bangsa alus?
- 3) Kepriye kapitayan masyarakat marang bangsa alus, kang sesambungan karo aspek sosiokultural?
- 4) Kepriye relevansi sosiale kapitayan bangsa alus sajroning bebrayan?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underan panliten mau, kapilih tujuwan panliten yaiku :

- 1) Ngandharake kapitayan bab ana lan wujud bangsa alus.

- 2) Ngandharake kapitayan bab watak lan panguwasane bangsa alus.
- 3) Ngandharake kapitayan marang bangsa alus, kang sesambungan karo aspek sosiokulturale.
- 4) Ngandharake relevansi sosiale kapitayan bangsa alus sajroning bebrayan.

Paedah Panliten

Panliten kanthi tintingan antropologi sastra iki, dikarepake bisa nuwuhake paedah kanggo panlii dhewe lan wong kang maca. Paedahe ing antarane yaiku:

- (1) Panliten ngenani kapitayan masyarakat Jawa ngenani bangsa alus diajab bisa ngrembaka kanthi tintingan antropologi sastra kang ana sambungane karo manungsa lan masyarakat sajrone bebrayan.
- (2) Panliten iki bisa kanggo sarana ngasah pikiran kanthi ngetrepake kawruh anyar ngenani antropologi sastra kang ditrepake sajrone cermis NDL lan kawruh ngenani kapitayan masyarakat marang bangsa alus.
- (3) Panlien iki dikarepake bisa nambah kawruh sejatine urip ing ndonya iki ora mung manungsa, nanging uga ana jagad bangsa alus kang ora kasamurupan wujud, tumindak, lan panguwasane.
- (4) Panliten iki dikarepake bisa dadi medhia lan piwulangan manungsa, kanggo pangeling-eling lan ngati-ati yen arep nindakake samubarang.

Wewatesane Panliten

Supaya ora uwal saka konsep panliten, lan ora nganti kliwat kamban anggane nлити saka underan kang wis ditemtokake, mula perlu ana wewatesan sajrone ngandharake lan njlentrehake panliten iki. Wewatesan panliten iki yaiku:

- 1) Data ing panliten iki ngandharake kapitayan bab ana lan wujud bangsa alus.
- 2) Kapitayan ngenani watak lan panguwasane bangsa alus.
- 3) Kapitayan ngenani bab sesambungan sosiokultural.
- 4) Relevansi sosial bab kapitayan bangsa alus sajroning bebrayan, kang diperang dadi loro yaiku relevansi konkret miturut bebrayan Jawa lan relevansine sajrone jagading papawarta.

Panjltrehe Tetembungan

Panjltrehe tetembungan kang digunakake sajrone panliten iki ngunakake teori – teori kang ana ing ngisor iki, yaiku :

1) Kapitayan

Kapitayan minangka keyakinan kang asipat dogmatis (manut). Manut marang aturan kang wis turun tumurun lan wis dadi pakulinan saben dina sajrone masyarakat (Endraswara, 2006:38).

2) Bangsa Alus

Bangsa alus mujudake titahe Pengeran kang ora bisa ditampa dening panca indriya. Bangsa alus uga minangka kanyatan faktual ing panguripan, bisa tuwuh saka proses interaksi rasa pangrasa antarane manungsa lan bangsa alus. Geertz (1989:19-35) ngandharake ngenani jinise badan alus ana limang werna antarane: 1) lelembut; 2) memedi; 3) thuyul; 4) dhayang; 5) dhemit.

3) Crita misteri (Cerita Misteri)

Crita misteri (crita misteri) yaiku salah sijine kedadeyan kang durung cetha, ndadekake wigatine masyarakat kanggo ngonceki bab-bab kang isih dadi wewadi, (Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, 1996:)

4) Antropologi Sastra

Antropologi sastra yaiku kajian karya sastra kang nengenake warisan budaya jaman biyen, antropologi uga mujudake sesambungan karo manungsa lan kebudayaan masyarakat (Endraswara, 2013:109). Miturut Ratna (2011:351) antropologi sastra mujudake pasinaon ngenani reiptan sastra kanthi relevansi manungsa. Antropologi menehi kawigaten marang manungsa minangka agen kultural, kapitayan, budaya, lan agami Jawi.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Kapitayan, Religi, lan Agama Jawa

Kapitayan masyarakat ngenani religi Jawa nduweni pangaribawa saka jaman Hindu-Budha. Religi Jawa mujudake kapitayan animisme lan dhinamisme. Animisme minangka panembahan marang roh-roh leluhur, dene dhinamisme yaiku percaya marang samubarang kang sakral. Roh lan samubarang kang sakral miturut masyarakat Jawa nduweni kakuwatan sekti, kang bisa nggawe kamulyane urip. Religi Jawa kasebut isih diugemi masyarakat Jawa nganti saiki.

Agama Jawa mujudake luhuring budine manungsa ana ngarsane Gusti Kang Murbeng Dumadi. Agama sajrone konteks Jawa diarani *ageming aji*. Agama minangka pedhomaning ngurip kang tuwuh saka wahyuning Gusti Kang Maha Mubeng Dumadi, lan Aji tegese kasekten kang ora bisa digoyahake. Agama Jawi minangka pituduh jati utawa pepadhang urip kanggo gayuh rasa tentrem lan golek pangestune Gusti (Endraswara, 2006: 76).

Koentjaraningrat (1994: 391) ngandharake yen agama Jawa minangka sistem kapitayan, konsep, pandhangan urip, lan percaya anane Gusti, lan percaya Muhammad minangka utusane. Konsep agama Jawa kang dipercaya nduweni pangaribawa wujud Dewa kang dianggep dadi panguwasa ing jagad. Konsep ngenani urip lan mati, yaiku percaya marang jagading bangsa alus, panjelmane leluhur, lan percaya marang bab kang nduweni kakuwatan gaib kang ana sajrone jagad gumelar.

Kapitayan Jawa

Kapitayan yaiku panganggep utawa keyakinan marang samubarang kang dipercaya iku bener lan nyata, kang tuwuh ing sakupenge masyarakat (Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, 1996:753). Endraswara (2006:38) ngandharake yen kapitayan dumadi sajrone jagad gumelar, asipat nyata lan *dogmatis* (manut). Wujud kapitayan Jawa mligine gugon tuhon, yaiku aturan kang wis turun temurun sajrone adat istiadat, kang nuwuhake kapitayan marang leluhur.

Kapitayan Bab Ana lan Wujuding Bangsa Alus

Wujud kang ana ora sembarang wong bisa meruhi lan yakin wujud, kahanan, lan tumindake bangsa alus. Jagading bangsa alus iku mung sajabane nalare manungsa kuwi ana lan nyata. Lelembut utawa Bangsa alus mujudake titahe Pengeran kang ora bisa ditampa dening panca indriya. Bangsa alus uga minangka

kanyatan faktual ing panguripan, bisa tuwuh saka proses interaksi rasa pangrasa antarane manungsa lan bangsa alus (Purnomo, 1992). Miturut Geertz (1989:19-35) jinise bangsa alus diperang dadi lima, yaiku: 1) lelembu; 2) memedi; 3) thuyul; 4) dhemit; 5) dhanyang.

Kapitayan Bab Panguwasane Bangsa Alus

Gusti nyiptakake jagad lan isine kanthi tujuwan, supaya kang dadi titahe bisa nduweni rasa syukur lan eling kang Kuwasa. Gusti nyiptakake makhluk kanthi titikan kang beda-beda. Bedane bisa saka praupan, sipat lan kadudukan, nanging tujuwane padha yaiku nyembah lan patuh marang printahe Gusti Pengeran. Sajrone jagad iki nuwuhake rong perkaya yaiku bab positif lan negatif (Ratna, 2013: 77).

Kapitayan marang samubarang kang bisa ndadekake urip ing bebrayan bisa kecukupan, mulya, bagya, lan ora nganti kalah saka liyan, kanthi percaya marang kekuwatan gaib (Endraswara, 2006: 287). Kekuwatan kang dianggep ngluwahi daya-dayane manungsa, mujudake saperangan masyarakat percaya marang kekuwatan supernatural utawa gaib mligine bangsa alus. Pangwasane bangsa alus kang nuwuhake kakuwatan arupa pitulungan, ilmu pengasihan, lan sumbering kasekten.

Jagading Lelembut lan Budaya Jawa

Miturut ilmu Antropologi “Kebudayaan” yaiku sistem gagasan, prilaku, lan kasil karya manungsa. Panguripan masyarakat kang didadekake punjere manungsa kanthi cara sinau lan uga minangka kabiasaan kang ditindakake terus-terusan (Koentjaraningrat, 2009:144). Kabudayan Jawa ngandhut unsur religi. Unsur religi ing masyarakat Jawa ngandhut bab kapitayan ngenani jagading lelembut. Lelembut utawa Bangsa alus mujudake titahe Pengeran kang ora bisa ditampa dening panca indriya. Bangsa alus uga minangka kanyatan faktual ing panguripan, bisa tuwuh saka proses interaksi rasa pangrasa antarane manungsa lan bangsa alus (Darni, 2011: 254-267).

Purwadi (2009:9) ngandharake jinisi bangsa alus keperang dadi loro yaiku: 1) bangsa alus kang sejatine diciptakake minangka makhluk saka Nur (cahya). Sejatine bangsa alus nduweni alam dhewe, kang beda karo alame manungsa. 2) bangsa alus kang asale saka manungsa kang wis mati. Bangsa alus uga nduweni sipat kangemper kaya sipate manungsa, ana kang nduweni sipat kang apik, jahat, bodho, lan uga ana kang pinter.

Panemu kang rada beda diandharake dening Geertz (1989:19-35). Miturut Geertz jinise bangsa alus diperang dadi lima, yaiku: 1) lelembu; 2) memedi; 3) thuyul; 4) dhemit; 5) dhanyang. Adhedhasar perangan bangsa alus kang diandharake dening Geertz bakal di perang kanthi jangkep miturut jenis-jenise, jlentreham luwih jangkep ing ngisor iki.

Lelembut

Lelembut minangka jinise bangsa alus kang ngrasuki lan mangaribawani manungsa, bisa njalari kedadeyan-kedadeyan kang luwih nemen, bisa ndadekake lelara, kenthir, utawa mati (Geertz, 1989:19). Miturut panemune saperangan masyarakat kang dianggep nduweni ilmu kebatinan lelembut bisa mlebu ing ragane manungsa saka suku, lan bisa ndadekake kasurupan. Yen ora enggal diobati dening dhukun, bakal dadi mbebayani marang manungsa kang dileboni, Uga ana lelembut kang ora gelem metu, amarga lelembut kuwi rumangsa nyaman

marang raga manungsa kuwi. Lelembut seneng manggon ing paprangan, wit gedhe, omah kosong, lsp.

Mededi

Mededi miturut wong Jawa kagolong jenise roh kang senengane ngangu utawa senengane meden-medeni, nanging ora ngrusak. Yen miturut basa Inggris kasebut *Spooks* (hantu). Miturut Partoyuwono (1958:50-51) memedi manggon ing istana hitam, arwah gentayangan amarga mati bunuh dhiri. Roh tegese jasad alus tan kasat mripat, kang ora kena digayuh nganggo indriya. Miturut Geertz kapitayan marang roh kang kagolong abangan ora kalebu bageyan sawijine skema kang konsisten, sistematis, lan integrasi, ana sambungane karo imajinasi - imajinasi kang luwih kongkrit lan spèsifik.

Thuyul

Thuyul mujudake anake bangsa alus, kanthi wujud cilik. Thuyul kagolong bangsa alus kang ora ngganggu, medhen-medheni, lan nggawe lara. Thuyul yaiku bangsa alus kang cedhak lan disenengi karo manungsa, bisa kanggo prewangan utawa pesugihan (Geertz, 1986:20). Manungsa bisa sesambung karo bangsa alus, mligine thuyul kanthi cara pasa lan semedi. Cara kasebut minangka ritual kanggo ndadekake thuyul manut lan dadi prewangan, kanthi tujuwan pribadi.

Jinise thuyul ora mung kaya kang diandharake mau, nanging uga ana jinis liya yaiku *mentek*. *Mentek* mujudake bangsa alus jinise bocah cilik kang ora nganggo klambi. *Mentek* biyasane manggon ana ing sawah. *Mentek* uga kerep didadekake saperangan manungsa kanggo prewangan. Pawongan kang ndadekake *mentek* prewangan, yaiku wong kang pangupajiwane dadi petani. Tujuwane prewangan *mentek* yaiku kanggo nyecep sari-sariné pari, supaya bisa pindhah kasil panene akeh lan ora nganti gagal panen.

Dhemit

Dhemit kalebu jinise bangsa alus adhedhasar naskah *Babad Tanah Jawi*, kang manggon ing sawijine panggonan tartamtu kayata panggonan kang kramat biyasa sinebut *pundhen*, wit ringin gedhe, kuburan tuwa, tuk kang dianggep wingit, lan ora ngganggu yen bangsa urip liyane ora ngangu dheweke utawa ngrusak papan panggonane. Salah sijine panggonan kang nduweni daya mistis utawa kramat ing Jawa Timur yaiku Mojokuto. Panggonan Mojokuto kang kebak wit ringin lan runtuh candi-candi Hindu-Budha. Panggonan kasebut nduweni daya mistis, mujudake tinggalane Hindu-Budha. Panggonan kang nduweni daya mistis, dipercaya ana kang mbaureksa yaiku bangsa alus (Geertz, 1989: 28-29).

Dhanyang

Miturut Geertz (1989: 32-33) dhayang kang njaga tentrem desa, lan njaga desa nalika desa kasebut nandang bebaya. Dhayang kang mbabad desa bisa sesambungan karo wong kang dipercaya lan nduweni kapribaden kang apik. Wong kasebut biyasane minangka lurah ing desa iki. Dhayang menèhi weruh *magis* yaiku arupa *pulung*. *Pulung* minangka sarana kanggo ngawasi desa, lan bisa menèhi pitulungan marang manungsa kang njaluk pitulungan. Cara kang

kudu ditindakake manungsa yaiku arupa slametan utawa sesaji.

Kapitayan Daya Kadigdayane Bangsa Alus

Manungsa minangka Titah Gusti Kang Murbeng Dumadi, kang diwenahi kaluwihan pamikir. Pamikir kang digunakake kanggo mikir urip lan kebudayaan. Kabudayaan kang nuwuhake aturan-aturan lan kapitayan sajrone bebrayan. Kapitayan marang kakuwatan bangsa alus kerep diwastani kakuwatan *magic*. Magic yaiku tumindak manungsa kang nggunakake kakuwatan-kakuwatan alam lan kakuwatan kang ora katon, mligine kadigdayan bangsa alus (Koentjaraningrat, 1980:54).

Tumindak manungsa supaya bisa sesambungan karo jagading bangsa alus, saperlu kanggo golek kakuwatan. Kadigdayan mujudake wernaning cara lan tumindak kang kerep ditindakake manungsa, kanthi cara njaluk lan teka menyang panggonan kang sakral.

Elmu Pangasihane

Miturut Indrajati (1961: XVI-3) Aji pengasihane minangka ilmu kang wis Turun-temurun. Jaman biyen mantra-mantra mung kasimpen ana ing dalem manungsa tartemtu utawa wong kang sinebut guru, dene cara nurunake marang murid-muride mung kalawan lesan, katampa kalawan pangrungu, sabanture kasimpen sajrone batin. Mantra-mantra aji pengasihane akeh banget wernaning, kayata semar mesem, jaran goyang, pamulute wanita.

Pengasihane tegese ilmu spiritual utawa supranatural kang nduweni fungsi kanggo mangaribawani alam sadhar, ditujokake marang wanita utawa priya kang ditresnani supaya ndadekake katresnan. Saperangan masyarakat percaya yen ilmu kasebut bisa nggawe katresnan kang ora samesthine. Katresnan kang sadurunge ora didhasari kanthi rasa pangrasa antarane wong wadon marang wong lanang utawa wong lanang marang wong wadon.

Pambiyantune Bangsa Alus

Pambiyantu tegese mupangat lan gelem nulung, utawa piranti kang dienggo nulung (Sudaryanto dan Pranowo, 2001: 1042). Roh tegese jasad alus kang ora kena dideleng nganggo pacadriya. Dadi pitulungan roh yaiku wujud bangsa alus kang ora katon bisa nduweni kakuwatan kanggo menehi pitulungan tumrap pawongan kang njaluk pitulungan.

Geertz (1989: 33-35) ngandharake yen wujud pambiyantune dhayang kanggo njaga desa arupa pulung, minangka wahyu utawa pituduh, kang diwenehake marang wong pilihan utawa lurah. Pulung kasebut minangka isyarat utawa simbol saka dhayang, kanggo milih lurah kang apik, utawa simbol yen arep ana bebaya ing desa. Dhayang kang apik, tansah njaga katentreman desa supaya ora nganti nandang bebaya. Dhayang kang memba-memba dadi macan putih kanggo ngelingake wong desa marang wabah banjir utawa bencana.

Sumbering Kasekten utawa Kadigdayan

Elmu yaiku kawruh tumrap sawijine sistem kang digunakake kanggo nerangake bab tartamtu (Sudaryanto dan Pranowo, 2001:333). Antov lan Cederroth (laras karo Endraswara, 1989: 294-298) ngandharake yen istilah Jawa *ideology of gentle hints* (ideologi perintah alus) yaiku perintah kang nggunakake perintah batin. Manungsa bisa

nduweni kasekten saka sinau ngelmu supernatural, lan ngelmu kebatinan. Ilmu kasebut manungsa nduweni kakuwatan luwih-luwih prewangang (bangsa alus sing bisa dadi kanca) kanggo nglawan bangsa alus kang nduweni sipat jahat.

Kawruh ilmu alam kang ora kasumurupan, yaiku sawijine ilmu kang dipraktekake kanthi cara tapa utawa semedi. Ilmu kasebut minangka cecekelan kang bisa ndadekake sekti. Kasekten utawa ilmu gaib bisa diarani “kawruh mligi” tegese ilmu kang ora gampang tinemu. Tinemu dening sadhengah wong kang nduweni tekad kang gedhe utawa wong kang wani lan kuwat nglakoni kalawan kapitayan kang santoso (Harumdjati, 1966: VI-3-4).

Kapitayan Sajrone Wawasan Sosio-Kultural

Miturut Sudaryanto dan Pranowo (2001: 1110) sosial mujudake bab kang gegayutan karo masyarakat utawa bebrayan. Kultural utawa budaya mujudake salah sawijining *fenomena* kang nduweni makna tartemtu, lan ana gegayutane karo ilmu antropologi. Kultural lan antropologi nduweni sesambungan kanggo ngecahake perkara-percara, (Kaplan lan Manners sajrone Gumilar lan Salman, 2013:24).

Kultural utawa budaya mujudake bab kang dumadi ana sajrone bab antropologi. Bab antropologi yaiku bab kang ngandharake ngenani manungsa lan kabudayaan. Manungsa ngripta budaya, budaya ana bebarengan karo laire manungsa. Manungsa lan kabudayaan ora bisa dipisahake, amarga mangsa nduweni peran kang wigati kanggo ngrantam aspek-aspek budaya, mligini bab kapitayan. Bab kapitayan kang ditindakake masyarakat awit jaman leluhur nganti jaman saiki, kayata tirakat, semedi, pralambang impen, ngalap berkah, pusaka, lan sapanunggal.

Tirakat

Endraswara (2006:197-198) ngandharake yen lumantar tirakat bisa nuwuhake rasa andreg, kanthi nyawijekake ati kang resik lan tatag, madhep karep lan mantep. Tirakat uga kanggo ngeningake batin supaya oleh pepadhang lan katentremaning jiwa. Miturut Mangkunegara VII (laras karo Mulder, 1984: 25-26) perangane tirakat ana patang jinis, yaiku (1) kanggo nggayuh tujuwan-tujuwan sawetara kang asipat *dhestruktif*, lumantar ilmu supernatural; (2) sarana kanggo nikelake utawa ningkatake kakuwatan kang positif; (3) sarana bisa ngerteni bab kang ora katon; (4) sarana kanggo nentremake jiwa tumrap perkara-perkara ing donya.

Sesaji

Endraswara (2006: 247) ngandharake simbol-simbol kang digawe sajrone ritual, bisa diarani sesaji, tumbal, ubarampe. Sesaji minangka aktualisasi saka pamikir, pepengin, lan rasa, saperlu kanggo nyedhakake dhiri marang Gusti kang Murbeng Dumadi. Cara nyedhakake dhiri kanthi cara sesaji, minangka wujud akumulasi budaya kang asipat abstrak.

Sesaji uga bisa kanggo sarana ‘*negosiasi*’ spiritual marang bab-bab kang gaib. Bab kasebut ditindakake supaya bangsa alus ora ngganggu manungsa. Simbol ritual arupa sesaji iki, kanthi menehi manganan kang ditujokake kanggo bangsa alus utawa kang mbaureksa ing sawijine panggonan. Sesaji bisa dadi sarana

sesambungan antarane manungsa lan jagade bangsa alus, kanthi tujuwan supaya daya-dayane bangsa alus bisa jinak lan bisa mbiyantu panguripane manungsa.

Pusaka Minangka Samubarang kang Nduweni Kasekten

Pusaka mujudake samubarang kang dianggep nduweni kasekten lan dianggep keramat. Pusaka biyasane arupa samubarang kang diwarisake kanthi turun-temurun saka leluhur utawa guru supernatural. Kalff (laras karo Koentjaraningrat, 1984: 341) ngandharake yen samubarang kang dianggep kramat, iku biyasane manggon ing barang-barang suci, mligine pusaka. Barang kasebut dipercaya wong Jawa nduweni kasekten saka kakuwatane leluhur utawa guru, ora sembarang wong bisa nduweni barang kasebut.

Ngalap berkah utawa Pesugihan

Golek pesugihan sajrone masyarakat kejawen mbutuhake tirakat lan katenangan batin supaya ana koreksi dhiri lan refleksi tumrap usaha ekonomi. Saliyane iku nggunakake jimat utawa benda pusaka kang njerone nduweni pangaji utawa kakuwatan supaya oleh kekayaan lan pelarisan kang dideleh ing sangisore dagangane supaya laris lan saben malem jemuwah diwenahi sesaji, dikutuki kemenyan, lan kembang-kembang. Kanggo oleh kabeh mau wong kang golek pelarisan kudu nindakake *tirakat*. Tirakat yaiku laku spiritual Jawa kang dilakokake kanthi cara sesirik (Endraswara, 2006: 287-291).

Panemu liya kang ngandharake ngenani pesugihan yaiku Geertz (1989: 26-28) Gusti nyiptakake manungsa kanthi wujud, sipat lan status kang beda-beda. Ana kang sugih uga ana kang mlarat. Wong kang mlarat yaiku wong kang serwa kekurangan. Faktor *ekonomi* minangka bab kang njalari saerangan masyarakat nduweni pamikiran kang negatif. Pamikiran kanggo nggolek mulyae urip kanthi teka ana ing panggonan kang nduweni kakuwatan mistis, mligine gunung Kawi Kabupaten Malang Jawa Timur.

Crita Misteri Samadyaning Bebrayan Jawa

Nurdiyantoro (2007:2) ngandharake yen crita fiksi yaiku sawijining karya kang nyritakake sawijining kedadeyan rekaan, khayalan crita kang ora nyata, saengga ora perlu digoleki bener apa orane sajrone panguripan.

Novel dumadi saka akehe pamikire pangripa, kang ngasilake idhe-idhe crita luwih saka siji. Jinis novel ing jagad kusastran akeh banget wernane, kayata novel misteri (crita misteri). Crita misteri ing bebrayan Jawa tuwuh saka panguripan sosial lan budaya, kang dadi pakulinan uripe masyarakat jaman biyen kang isih tradhisional. Pakulinan kasebut banjur dadi teken tumrap panguripan masyarakat Jawa ing jaman sabanjure.

Relevansi Sosial Laras karo Jagading Lelembut kalawan Pawarta

Relevansi sosial nduweni arti laras utawa sesambungan antarane antarane masyarakat sajrone interaksi manungsa lan bebrayan. Miturut Green (1995:5) relevansi minangka sipat kang didadekake pambiyantu pangripta kanggo ngolehake lan ngonceki data kang akurat. Data kasebut arupa dhokumen informasi kang nduweni bab kang laras, utawa sesambungan karo objek kang diteliti (*topical relevance*).

Kaselarasan objek kang dijupuk saka informasi ing bebrayan. Masyarakat minangka *subjek*, lan bab-bab kang

dumadi ana ing jagading lelembut minangka *objek*. Sesambungan antarane manungsa lan bebrayan nuwuhake interaksi sosial. Interaksi kang ngasilake wacana ana ing warta surat kabar, majalah ngenani kedadeyan kang nyata lan informasi anyar ing sakupenge masyarakat.

Pamarekan Antropologi Sastra

Gumilar lan Sulasman (2013:22) ngandharake Antropologi mujudake ilmu kang ngandharake bab manungsa lan kabudayan. Antropologi minangka ilmu kang nyinaoni bab manungsa (*anthropos*) sajrone nyinaoni bab sipat hakekat manungsa yaiku saka bab biologis (antropologi raga) lan kultural (antropologi budaya). Tetembungan antropologi sastra dumadi saka rong tembung, yaiku antropologi lan sastra. Sastra minangka asil saka aktivitas kultural kang awujud nyata, awujud naskah (*artifact*), utawa interaksi sosial (*socifact*), lan kontemplasi dhiri (*mantifact*). Antropologi sastra mung winates ing antropologi budaya (Ratna, 2011:7).

Lelandesane Teori

Adhedhasar perkara kang arep di jlentrehake, digunakake teori Antropologi sastra; kapitayan Jawa, religi, lan agama Jawa; kapitayan bab ana lan wujuding bangsa alus; jagading lelembut lan kabudayan Jawa; kapitayan bab pangwasane bangsa alus; crita misteri; Relevansi sosial lan Resepsi masyarakat.

Endraswara (2006:38) kapitayan yaiku panganggep utawa keyakinan marang samubarang kang dipercaya iku bener lan nyata, kang tuwuh ing sakupenge masyarakat. Kapitayan dumadi sajrone jagad gumelar, asipat nyata lan *dogmatis* (manut). Pangetrepe religi Jawa kang ana sajrone bebrayan Jawa, wujudake tumindak nyata ing jaman saiki manungsa isih percaya marang roh lan samubarang kang sakral kanggo golek berkah (Endraswara, 2006: 78-79). Geertz (1989:19-35) jinise bangsa alus diperang dadi lima, yaiku: 1) lelembu; 2) memedi; 3) thuyul; 4) dhemit; 5) dhanyang.

METODHE PANLITEN

Titikane Panliten

Panliten kanthi irah-irahan "*Kapitayan Marang Bangsa Alus Sajrone Cermis Nginceng Donyaning Lelembut Anggitane ST. Sri Emyani*" diwedhar miturut titikane panliten. Titikane panliten ditindakake tumrap data kanthi dijlimeti, dirasakake, lan dipikirake supaya teks karya sastra bisa dingerteni. Tujuwan titikane panliten kanggo nggampangake tumindake panliten, saengga laras karo pranata-pranata kang ana. Panliten kang bakal diandharake diperang dadi loro, yaiku: miturut jinise panliten, lan sipate panliten.

Jinise Panliten

Metodhe dheskriptif miturut pamawase Ratna (2013:53) mujudake metodhe kang ditindakake kanthi cara njlentrehake kanyatan-kanyatan sajrone data utama lan panyengkuyung, banjur diwenahi tintingan.

Sipate Panliten

Panliten kualitatif mujudake data arupa tetembungan, gambar-gambar utawa tabel, ora nggunakake itung-itungan kaya panliten kuantitatif (Sugiyono, 2014:9). Panliten kualitatif ora nengenake angka-angka, luwih ngutamakake rasa tumrap interaksi

konsep kang dititengi kanthi data empiris (Endraswara, 2013:5).

Sumber Data Panliten

Sumber data kalebu sawijine perangan panliten kang wigati, kanggo syarat lumakune panliten. Sumber data minangka objek kang dadi punjering data utawa bahan kang didadekake panliten. Sumber data utama utawa primer ing panliten iki yaiku antologi Cermis, kanthi irah-irahan *Nginceng Donyaning Lelembut* (dicekak NDL) anggitane ST. Sri Emyani. Cermis NDL iki kapacak ing Udyana Mekar Sari lan Djaka Lodang, katulis 26 irah-irahan, kumpulan cerita iki wiwit taun 1990-2004. Diterbitake sepisanan taun 2013 penerbit Paramarta Yayasan lan Sangar Sastra Jawa Triwida ing Tulungagung Jawa Timur. Kandel buku xiii + 163 kaca, ISBN 978-602-7937-29-1. Pangripta ST. Sri Emyani uga dadi data primer kanggo nyengkuyung data utama.

Data Panliten

Dhata minangka wewujudane objek sajrone panliten. Data kang diasilake gumantung jinise panliten kang arep ditindakake. Panliten kanthi nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif arupa karya fiksi mligine cerita misteri. Data formal kang ana ing sajrone panliten iki awujud *tembung, frase, ukara, lan wacana kasusastran* (Ratna, 2013:47).

Cundhuk karo andharan ing dhuwur, objek panliten iki yaiku arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana sajrone cermis NDL, mligini kang ngamot prakarane panliten, yaiku:

- 1) Dhata dheskriptif ngenani kapitayan bab ana lan wujuding bangsa alus, kayata lelembut, memedi, thuyul, dhemit, lan dhayang.
- 2) Dhata dheskriptif ngenani kapitayan bab watak, kayata watak positif lan negatif bangsa alus.
- 3) Dhata dheskriptif ngenani kapitayan bab panguwasane bangsa alus, kayata piukuman, piweling, pambiyantu, ngelmu pengasihane, sumbering kasekten, kesagahane bangsa alus marang panjaluke manungsa.
- 4) Dhata dheskriptif ngenani kapitayan bab sosio kultural, kayata syarat lan sarana (tirakat, semedi, bersih desa, ngalap berkah, pralambang impen, sesaji, pusaka), lan sesambungan manungsa lan bangsa alus.

Instrumen

Instrumen ing panliten iki diperang dadi rong jinis, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti minangka alat kanggo ngumpulake data, nyusun data, nintingi data lan nindakake langsung, kanggo nyusun data asiling panliten tumrap objek panliten (Moeloeng, 2008:168). Instrumen panyengkuyung yaiku instrumen kang dibutuhake panliti kanggo data tambahan anggone ngumpulake data. Piranti panyengkuyung nggunakake lembar korpus data kang isine data-data pinilih kang ngandhut prakara kapitayan masyarakat marang bangsa alus. Data pinilih kasebut minangka dhasar kanggo njlentrehake analisis lan andharan ngenani kapitayan bangsa alus.

Cara Pangumpuling Data

Tata cara pangumpulake data mujudake sawenehe cara kanggo ngasilake data-data kang dibutuhake sajrone panliten. Ditindakake sawise nemtokake data-data, kang arep dianalisis. Tata cara pangumpulake data sajrone panliten ngunakake teknik kapustakan, waca, nyathet, wawancara, lan angket.

Tata Cara Panjlentrehe Data

Teknik analisis data sajrone panlien iki ngunakake analisis dheskriptif. Analisis dheskriptif yaiku sawijine metode kang digunakake kanthi dhasar kasuyatan sajrone kedadeyan (*fenomena*) lan urip saben dina, saengga ngasilake data arupa tetembungan, Aminuddin (1990:62). Data primer kang digawe bakune panlien yaiku cermis NDL.

Cara Analisis Asiling Jlenreh

Tataran nyuguhake asiling analisis jlenreh minangka tataran kang pungkasan ing panliten iki. Miurut Sudaryanto (1993:144-145) Analisis data diperang dadi loro, yaiku analisis formal lan analisis informal. Panliten iki mujudake analisis informal, yaiku data kang digunakake saka rumusan tetembungan kang biasa, kanthi klasifikasi lan menehi tetenger tumrap data kang nggunakake tembung-tembung kang gumathok karo jinise prakara sajrone panliten.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Kapitayan Bab Anane Bangsa Alus

Masyarakat Jawa percaya yen bangsa alus ana lan nyata, nanging ora kasat mripat. Miturut pamikire masyarakat Jawa yaiku wong urip ing donya wis ginaris, diciptakake kanthi pasang-pinasang (Suwarni & Widayati, 2015:3-13). Anane kang ana ora sembarang wong bisa meruhi lan yakin wujud, kahanan, lan tumindake bangsa alus. Jagading bangsa alus iku mung sajabané nalare manungsa kuwi ana lan nyata. Bab mau kaya pethikan iki.

“ngarepku ana wong sing nga-dhang sapirang-pirang. Aku ndredheg wel-welan Nalika wis ana tangan sing thekel nekem krahe klambiku. Njur priya pideksa iku mbengok sora ditujokake kanca-kan-cane sing wis pating njabang maneka warna. Wujude ana sing wis tuwa, wadon, lanang, cilik gedhe, aneh pancen kaya jagad aneh (Kaca 70, NDL No. 12).”

Pethikan mau ngandharake yen kijing kang ana ing pakuburan minangka pralambang. Pralambang kanggo tetenger supaya ngerteni sapa kang manggon ing kono kuwi. Tetenger kang digawe kanggo omah wong kang wis seda. Miturut kapitayan yen pakuburan minangka panggonan kang angker. Kebak bab kang wingit, mula saka kuwi manungsa kudu ngati-ati aja nganti nindakake pakaryan kang ndadekake bilahi. Ana sawijine crita yaiku ana wong kang lewat pakuburan kanthi kebut-kebutan, lan dheweke nglamun. Banjur pawongan kasebut nyenggol kijing ing pakuburan. Ana jagad kang beda Nalika manungsa kuwi sadhar, dheweke kaya-kaya dikrubungi wong kang nduweni wujud kang beda.

Kaya ana ing jagad impen, manungsa kasebut diakimi karo pawongan kang nduweni pawakan gedhe lan kuwat. Ana kang wis tuwa, wadon, lanang, cilik, lan gedhe, kumpul dadi siji kanthi netra kang tajem. Rasa

amarah kang dikatonake, ndadekake pratandha yen jagade kasebut jagad kang ora kasat mripat yaiku jagade bangsa alus. Yen manungsa wani ngganggu jagade bangsa alus, dipercaya manungsa kuwi bakal diakimi lan dipercaya bakal ana ganjarane.

Kapitayan Bab Wujude Bangsa Alus

Kapitayan marang roh leluhur utawa jagading bangsa alus iki ndadekake, perilaku urip kejawen kang ana sajrone masyarakat Jawa. Perilaku kasebut nduweni pangaribawa kuwat tumrap masyarakat Jawa. Bangsa alus mujudake titahe Pengeran kang ora bisa ditampa dening panca driya. Bangsa alus uga minangka kanyatan faktual ing panguripan, bisa tuwuh saka proses interaksi rasa pangrasa antarane manungsa lan bangsa alus.

Gambarane bangsa alus sajrone cermis NDL, mujudake wernaning jinise bangsa alus. Miturut Geertz (1989:19-35) jinise bangsa alus diperang dadi lima, yaiku: 1) lelembut; 2) memedi; 3) thuyul; 4) dhemit; 5) dhanyang.

Lelembut

Lelembut minangka jinise bangsa alus kang ngrasuki lan mangaribawani manungsa, bisa njalari kedadeyan-kedadeyan kang luwih nemen, bisa ndadekake lelara, kenthir, utawa mati (Geertz, 1989:23). Miturut saperangan masyarakat kang dianggep nduweni ilmu kebatinan utawa supranatural, lelembut bisa mlebu ing ragane manungsa saka suku, lan bisa ndadekake kasurupan.

1) Jim Langgar

Jim asale saka geni, mujudake titahe Gusti Kang Murbeng Dumadi. Asale jim saka cahya; dene kang pungkasan blegere jim ugi gadhah kuping lan ati, cangkem lan suku, lan kang penting yaiku pambudidaya, bisa milih kawruh lan niteni kawruh (Partoyuwono, 1963: 64-65).

Manungsa bisa ngaweruhi alame bangsa alus, mligine jim. Wujuding jim kang bakal diandharake ing ngisor iki kagolong jinise jim kang apik, lan manggon ing masjid. Jim kasebut ora ngganggu manungsa, nanging kerep menehi pitulungan manungsa kang nduweni kapribaden kang apik.

Wektu iku kemis malem jum'at, awit wektune wis kliwat bengi kok ana tamu priya sing arep jahitna surban. Marasepuh rada cubriya ngukur pawongan iku. Awit ambu kembang nduleg irung. (Kaca 95, NDL No 16).

"Inggih-inggih. Eh nuwun sewu, kula kok dereng tepang dhateng panjenengan niki sinten, ta?"

"Kula Jim langgar ngajeng niku, lho."

Bubar muni mangkono 'lap'! ilang sakala. Ibu ndhengkeli ngejer kewedan (Kaca 96, NDL No. 16).

Pethikan mau nggambarake jinise bangsa alus yaiku jim Islam kang manggon ing langgar utawa masjid. Sejatine jim kang kalebu golongan Islam, nduweni watak kang apik. Jim Islam minangka utusane Gusti kanggo meneni pitulungan marang manungsa, kang nduweni watak apik, sabar, lan sregep ngibadah. Miturut kapitayan masyarakat, ana wayah kang dianggep wingit yaiku malem jemuwah. Malem jemuwah minangka malem kang kebak bebaya, amarga miturut wong Jawa malem kasebut minangka malem metune bangsa lelembut. Nalika ana

tamu kang mertamu kaliwat wengi, bisa dadi wong kasebut panjilmane bangsa alus.

Bangsa alus jinis jim bisa njilma arupa wujud kang beda-beda gumantung tujuwane. Jim langgar kang njilma dadi priya kang gedhe dhuwur, kanthi wangi kembang kang ora biyasa ambune. Priya panjilmane jim langgar mertamu, saperlu kanggo njahitna surban. Surban putih kanggo sarasehan ana ing Arab, kanthi menehi ongkos kang akeh yaiku satus seket ewu. Cacah dhuwit samunu ing jaman biyen isih kagolong akeh. Pawongan iku yen dideleng saka wujud ora kaya manungsa biyasa, kabukti Nalika diukur ukurane ora sawajare ukurane manungsa.

Peri Prayangan

Peri mujudake jinise bangsa alus kang manggon ing banyu (kayata tlaa, wadhuk, kali, lsp). Wujud peri memper kaya manungsa, yaiku roh utawa jin kang jilma dadi wong wadon ayu. Peri digambarake kaya paraga ing crita fiksi, kang nduweni kakuwatan gaib kadhang kala ana sambungane karo kagiyatane manungsa. Manungsa kang weruh utawa dikatoni peri kang mbaureksa ing sawijine panggonan wingit, mligine wong lanang. Wong kasebut bakal kepranan lan apa kang dadi panjaluke bakal kawujud, kabukti saka pethikan ing ngisor iki.

Papan wisata Cibodhas aing arupa tlaa pancen isih kepetung wingit.

Tlaa Cibodhas iku ana salah sawijining peri sing mbaureksa. Peri iku nduweni pawakan sing ayu, lencir, kuning, kathik gandane arum mangambar-ambar. Wis ta pokoke, yen priya isih normal mesthi ketarik lan kepranan yen diweruhi peri Cibodhas (Kaca 109, NDL No. 19).

Pethikan mau nggambarake wujud peri kang mbaureksa ing Tlaa Cibodhas. Peri kasebut nduweni pawakan kang ayu, lencir kuning, lan ambune sumeblak gandha arum. Peri kasebut manggon ing panggonan, kayata tlaa, utawa wadhuk. Kaya kang diandharake ing cuplikan mau peri manggon ing salah sijine tlaa kang aran tlaa Cibodhas. Tlaa kasebut minangka panggonan wisata kang isi kagolong wingit ing dhaerah Punggul Trenggabaya.

Kaya crita ing dongeng-dongeng peri kalebu golongan bangsa alus kang nduweni wujud kang ayu rupane, lan senengane nulung. Miturut kapitayan masyarakat Cibodhas ngenani wujuding peri kang ngedap-edapi iki bakal nggawe priya sing meruhi lan katon kanthi sengaja utawa ora bakal nggawe ketarik lan kepranan.

Memedi

Miturut Partoyuwono (1958:50-51) memedi manggon ing istana hitam, arwah gentayangan amarga mati bunuh dhiri. Roh tegese jasad alus kang ora kena digayuh nganggo panca driya. Memedi yaiku jenise roh kang senengane ngganggu utawa senengane meden-medeni, nanging ora nganti ngrusak. Perangan memedi kang diandharake sajrone cermis NDL, miturut Geertz ana telu yaiku Wewe, genderuwo, lan pocong.

1) Wewe Penunggu Gunung Kawi

Wujud wewe ing Tanah Jawa, miturut pamawas Geertz (1989: 19) minangka kekasihe genderuwo kang nduweni wujud ayu, lan payudara kang gedhe. Salah sawijine panggonan wewe yaiku gunung Kawi. Gunung Kawi panggonan kang dipercaya masyarakat nduweni daya kakuwatan kang gedhe. Kakuwatan kasebut salah sawijine saka wewe. Wujud wewe kang arep diandharake ing ngisor iki, yaiku wewe pamuluting priya, bangsa alus kang mbaureksa ing gunung Kawi. Pethikan teks kaya ing ngisor iki.

Wetara jam setengah loro bengi. Mak suit jiwaku menyang alam seje. Aku mlaku-mlaku ing ara-ara dawa. Aku nekat arep mlebu salah sawijining omah jlagra kanthi arsitek kawi kuna (Kaca 45, NDL No.8).

Njur aku krungu sek-sek sikil sing mara saka njero omah gedhong magronmagrong iku. ora suwe engsel lawang iku muni. Sing metu nini-nini tuwa sing wis peyote (Kaca 45, NDL No.8).

Awakmu aja wedi manggon ing omahe wewe. Jenengku wewe pamulut pria. (Kaca 47, NDL No.8).

Pethikan mau ngandharake wujud wewe penunggu gunung Kawi. Wewe kasebut manggon ing istana wewe, kanthi wujud omah kang gedhong jlagra kanthi arsitek kuna. Jagading digambarake kaya padhang pasir kang oraa ana tetanduran mung banget, kaya ana ing ara-ara dawa sing panas lan ora ana apa-apa. Kanthi kumawani dheweke uluk salam nothok omah kang gedhe iku, keprungu kaya ana kang arep mbukakake lawang. Pratandha yen omah kuwi ora kosong, Nalika ana kang mbukakne lawang, dheweke kaget kang mbukak yaiku nini-nini tuwa kang wis peyot.

Yen disawang saka wujud lan praupane nini-nini kasebut yuswane wis atusan taun. Nini-nini tuwa kang diarani wewe pamulut priya iki, dipercaya yen dheweke minangka penunggu kang mbaureksa ing Gunung Kawi. Miturut kapitayan masyarakat ngenani jeneng wewe kang aran wewe pamulut pria iki, amarga wong kang teka saperlu arep tirakat utawa semedi, kanthi tujuwan ngalap berkah, utawa pesugihan yaiku para priya. Priya kang nduweni kekarepan ngalap berkah kudu bisa njupuk utawa nguwasani atine wewe kasebut, supaya kekarepane bisa kawujud. Nalika wis bisa nguwasani atine wewe, dheweke bakal diwenahi syarat-syarat utawa hadiah.

2) Pocong

Pocong tegese memedi sing praupane padha kaya dene wong kang wis mati, dibuntel mori utawa lawon (Sudaryanto dan Pranowo, 2001: 839). Wujud pocong kang umum dingerteni masyarakat, nduweni praupan kang rata lan nduweni lobang mripat kang bolong utawa katutup kapas kanthi praupan kang pucet. Dene wujud pocong kang ana sajrone cermis NDL, yaiku arupa wong wadon ayu, lan bisa ngrubah wujud dadi gedebog.

Ing ngisore wit munggur, Lik Supar kaya wis ora kuwat ngempet maneh. Kanthi cek-cek njur asmarandana wis ngelak nguber. Jiwa wis dikuwasani nafsu. Apa maneh Kenya iku mung manut Nalika andhangane dibetheti siji-siji. Nalika Lik Supar arep nuntasake Kaya ngapa kagete. Kenya iku ilang. Sing ana mung debog

gedhe. Njur saka ndhuwure wit munggur ana swara.

Lamat-lamat ketok barang wutuh. Pocongan (Kaca 78, NDL No. 13).

Pethikan mau ngandharake wujud pocong kang memba-memba dadi wong wadon ayu, kang nggodhani paraga Lik Supar. Dheweke kagolong wong lanang kang nduweni sifat negatif utawa serong. Wujud pocong kang memba-memba dadi wong wadon ayu kang nyedhaki lan ngodhani Lik Supar. Wong wadon ayu kasebut minangka panjilmane pocong kang nggodha Lik Supar saperlu ngelingake lan nggawe sadhar. Lik Supar minangka priya kang seneng nggodhani wong wadon ayu, lan kerep gonta-ganti pasangan saperlu nindakake bab kang serong. Lik Supar yen ketemu lan kenal karo wong wadon sing ayu rupane, dheweke ora bisa nahan nafsu. Nafsu kanggo nyecep kembang, ing panggon sepi, sangisore wit munggur, dheweke wis ora bisa ngempet hawa nafsune.

Dheweke andum katresnan karo wong wadon iku. Nalika dheweke arep nuntasake nafsune, wong wadon ayu sangarepe mau ilang. Sangarepe mung ana gedebog gedhe. Gedebog kuwi bisa minangka pratandha yen ana jilmane bangsa alus yaiku pocongan. Keprungu swara cekikikan, yen swara cekikikan kuwi saya keprungu adoh, pratandhane bangsa alus kuwi ana ing cedhake kita. Yen swarane cedhak, pratandhane bangsa alus kuwi adoh. Bangsa alus jinis pocongan nduweni sipat seneng nggodha lan meden-medeni manungsa, wujud kerep diweruhi manungsa, kanthi mripat biyasa.

3) Genderuwo

Genderuwo kalebu jinise memedi kang senengane ngganggu, ora nglarani manungsa. Genderuwo nduweni wujud kang gedhe tur ireng. Genderuwo bisa memba-memba kaya wujud manungsa, bisa njilma wujud kaya wong tuwa, bocah, kang paling kurang ajar yaiku memba-memba dadi wong lanang kang praupane memper, banjur diajak bebojoan. Wanita kang diajak bebojoan mau nganti ngandhut cikal bakal anak kang dilairake dipercaya wujud kaya raksasa. Miturut kapitayan wong Jawa, genderuwo iku nduweni sipat kang senengane ngganggu lan ora bebayan, nanging uga sipat kasebut ora bisa disepelehake. Yen genderuwo kasebut wis rumangsa kengganggu bakal mbebayani marang manungsa (Geertz, 1989:22).

“Thok...thok...thok...” Lik Warni mbukak lawang. Jebul bojone sing bali, mangka lagi setengah jam budhale.

Lik Parjan balik mulih. Baline esuk umun-umun maneh. Malah saiki tandange kaya bantheng ketaton. Lik Warni uga emoh kasoran. Tandangane kaya macan keluwen tenan. Ngandhepi segering wangke, riket rinuket-ruket. Mangkono sateruse meh saben telung dina pisan Lik Parji bali njaluk tambahan tetesing madu katresnan (Kaca 130, NDL No. 22)

Omah iki ketekan Gandheruwo sing seneng ngganggu gawe jilma mangungsa kaya awakmu, rupane persis jibles (Kaca 132, NDL No. 22).

Pethikan mau ngandharake kedadeyan kang dirasakake salah sijine warga yaiku keluwargane Lik Parjan lan garwane jenenge Lik Warni. Nalika dheweke

diajak guneman, ora akeh omong dheweke langsung ngajak bojone melbu kamar, saprelu nindakake lakon bebojoan. Lakon bebojoan kang ditindakake kaya-kaya bantheng ketaton. Bantheng menika kewan kang nduweni sungu kang nduweni sipat kang keras, lan nduweni nafsu kang gedhe kanggo ngalahake mungsuhe. Rasa kang garang kaya-kaya macan kang keluwen. Ngrasakake segering wangke awake bojone kanthi riket rinuket-ruket. Kedadeyan kaya mangkono dirasakake kanthi rasa tresna kang ora nduweni rasa pegel lan kasoran. Saben telung dina pisan Lik Parjan bali mulih, saperlu nindakake lakon bebojoan kanggo nyecep tetesing madu katresnan.

Yen dipikir kanthi pamikiran, bab kang dumadi mau ora mujudake tumindake manungsa kang samesthine. Manungsa ditakdirake kanthi nduweni nafsu, nafsu kanggo nggayuh tujuwan apa kang dikarepake. Semono uga bangsa alus uga nduweni hawa nafsu lan sipat kang padha karo manungsa yaiku nindakake lelakon bebojoan. Bangsa alus mligine genderuwo bisa arubah wujud kaya praupane manungsa. Miturut pamawase Pak Kyai kang diandharake ing pethikan mau, yen ana genderuwo kang ngganggu kaluwargane Lik Parjan, kanthi njilma rupa presis, ora ninggal praupane dheweke.

4) Siluman

Siluman kalebu jinise bangsa alus kang bisa njilma dadi manungsa utawa kewan. Siluman uga nduweni kaluwarga lan klompok, kaya manungsa. Jinis-jinise siluman kayata siluman kang manggon ing wit yaiku siluman kang njilma dadi kewan, arupa manuk perkutut. Saklompok manuk perkutut kang manggon ing alas mujudake panjilmane siluman. Wujud kanggo menehi pangeling-eling, yen sejatine kewan uga nduweni panguripan dhewe, kaya dene manungsa.

Manuk perkutut kang ulese apik kathik angunge 'kung' swarane becik iku nyedhaki pikatku. Manuk kutut lanang kang kapikat iku, glebeg-glebeg.
gege arep dakcekel, dakkira wis lemes iku isih isa ucul (Kaca 15, NDL No.3).

Pethikan mau ngandharake wujud bangsa alus mligine siluman arupa siluman manuk perkutut. Siluman perkutut menika mujudake jinise bangsa alus kang manggon ing alas utawa diarani siluman wit. Jagading lelembut kang ora kabeh manungsa bisa ngerteni manuk kasebut minangka manuk panjilmane siluman utawa ora manuk biyasa. Manuk perkutut nduweni wujud warna kang endah kanthi ules kang apik. Manuk perkutut nduweni daya kanggo mikat lan gawe wong kang ngerteni kepikat amarga swara anggunge "kung" "kung" kang endah banget.

Wujud manuk perkutut kang nduweni ules apik, lan uga nduweni swara anggungan kang endah, nggawe gumregete manungsa kudu nduweni. Manungsa kang dhemen banget anggone ingon-ingon manuk perkutut, bisa-bisa saben dina budhal menyang alas, saperlu nggolek perkutut. Manuk perkutut lanang panjilmane siluman kang manggon ing alas, kadhang kala ora seneng karo manungsa kang srakah, yaiku manungsa kang seneng ngganggu panguripane bangsane. Medhia pikat manuk kang kerep digawe manungsa golek manuk. Pikat rupane kaya lem putih, yen manuk mnyedaki pikat iku,

wulune bakal tumempLik, nyebabake manuk ora bisa mebur. Siluman kang njilma manuk perkutut iki Nalika kepikat glebeg-glebeg ethok-ethok lemes, Nalika arep dicekel ndadak miber.

Kapitayan Bab Watake Bangsa Alus

Kapitayan ngenani watake bangsa alus, diperang dadi loro yaiku watak positif lan negatif. Watak bangsa alus ngandharake yen ora kabeh bangsa alus nduweni watak kang negatif utawa ala, nanging bangsa alus uga bisa apik lan migunani kanggo manungsa kang weruh.

Watak Positif Bangsa Alus

Watak kang positif mujudake tumindak kang apik lan ana timbal balik. Bangsa alus ora kabeh nduweni sipat kang ala, uga ana bangsa alus kang nduweni sipat positif. Bangsa alus ora bakal ngganggu jagading manungsa, yen manungsa bisa njaga lan ngormati jagading bangsa alus kang ora katon kasat mripat. Sipat positif bangsa alus bisa saka pangucap, tumindak, lan solah bawa.

"Ora usah kaget, aku ora gelem munasika bangsane manungsa kok, Nak. Senajan ing crita-crita panjenengan ngenani donyaning lelembut sok ngeLik-eLik bangsaku. Ananging sejatine ora jahat kok bangsaku yen ta ora digarahi manungsa dhewe sing sok serakah. Mbeguguk karepe dhewe, karep wae tanpa taha-taha omahe bangsaku diobrak-abrik manungsa serakah (Kaca 47, NDL No. 8).

Pethikan mau ngandharake watak positif wewe pamulut priya. Sejatine bangsa alus nduweni watak kang padha karo manungsa ana kang apik uga ana kang ora apik utawa ngganggu. Jagading bangsa alus mujudake jagad kang ora kasat mripat, nanging sejatine nduweni panguripan kang padha karo jagad kang nyata yaiku jagading manungsa. Miturut kapitayan masyarakat Jawa ngenani jagad bangsa alus, nuwuhake bab kang negatif, ora kabeh bangsa alus nuwuhake bab kang negatif. Sejatine Bangsa alus ora jahat, ora bakal ngganggu, lan munasika bangsae manungsa, yen manungsa ora ngganggu jagade bangsa alus. Akeh manungsa kang srakah, kanthi nduweni tujuwan kang maneka warni kanggo kapreluan pribadhi, kanthi nindakake bab kang sesambungan karo bangsa alus. Yen ora mangkono jagading bangsaku diobrak-abrik tanpa pamit, kanggo mulyane urip manungsa kang srakah.

Watak Negatif Bangsa Alus

Watak kang negatif mujudake tumindak kang ala utawa wales dhendham. Kaya dene sipate manungsa, ana kang apik uga ana kang ala. Kabeh kuwi gumantung pribadhi kang nindakake. Bangsa alus kang nduweni sipat kang ala biyasane nanging paling nduweni kuwasa kang gedhe lan ora gelem dikalaake. Watak kasebut kerep nggawe bebaya lan clakane manungsa. Manungsa dadi umpan, yaiku kanggo budak ana panggonane.

"Dina iki sing mbaureksa Kali Bango muring-muring. Awit, ing sasi iki desane dhewe Karang Kedhempel ora ngenekake bersih desa.

Nganti dina iki, Adhi Demang Bogasampir nandhang gerah madal saehing tamba. Yen nurut

wawasanku, gerahe Adhi Damang uga disebabake mangkele sing mbaureksa ing Kali Bango (Kaca 32, NDL No. 6).

Pethikan mau ngandharake bab larane Adhi Demang Bogasampir minangka sesepuh desa Karang Kedhempelen. Saben sesasi pisan desa Kerang nindakake bersih desa, kanggo katentremane desa, lan aja nganti kang dianggep mbaureksa ing desa kasebut nganti muring-muring. Yen nganti kang mbaureksa muring-muring, bakal nekakake bebaya arupa lelara utawa bencana. Kanthi rasa sengaja utawa ora Adhi Demang ora nindakake bersih desa, ora ngerti apa kang njalari. Yen miturut salah sijine warga, ing jaman modern iki, pamikiran manungsa wis saya ngrembaka, wis akeh wong kang ora percaya ngenani bab kang sakral utawa bab kang gaib. Mula saka kuwi Adhi Demang ora nindakake bersih desa marang kang mbaureksa Kali Bango. Panunggu utawa kang mbaureksa rumangsa ora dikormati, mula nggawe adhi Demang nandang lelara kang aneh lan durung ana tambane. Miturut kapitayan lelarane Adhi Demang amarga dheweke ing sasi iki ora akeh sesaji. Bab iku kang ndadekake bangsa alus ing Kali Bango muring-muring, kanggo gantine Adhi Demang minangka sesepuh ing desa iku arep dadi tumbal.

Kapitayan Bab Panguwasane Bangsa Alus

Kapitayan marang samubarang kang bisa ndadekake urip ing bebrayan bisa kecukupan, mulya, bagya, lan ora nganti kala saka liyan, kanthi percaya marang kekuwatan gaib. Kekuwatan kang dianggep ngluwihi daya-dayane manungsa, mujudake saperangan masyarakat percaya marang kekuwatan supranatural utawa gaib mligine bangsa alus.

Wong Jawa percaya yen leluhur utawa samubarang kang sakral mujudake kekuwatan positif, kang bisa meneni kamulyan sajrone urip. Kapitayan kang digambarake sajrone Cermis NDL yaiku: panguwasane bangsa alus kang nuwuhake kekuwatan arupa pambiyantune bangsa alus (ilmu pengasihan, sumbering kasekten, lan kasagahane bangsa alus), piwelinge bangsa alus, piukumane bangsa alus.

Pambiyantune Bangsa Alus

Pambiyantu minangka sipat apik kang biyasane kanggo nulung wong liya. sipat tetulungan kalebu wujud toleransi anarane titahe Gusti. Sejatine ora mung manungsa kang nduweni sipat kasebut, bangsa alus kang kagolong bangsa alus kang apik uga nduweni sipat seneng nulung marang liyan kang mbutuhake. Kaya kang dicritakake ana ing cermis NDL bab pitulungane bangsa alus yaiku Jim langgar, marang bocah kang nduweni penyakit ngompolan. Bocah kasebut nduweni kapribaden kang apik, lan sregep ngibadah lan ngaji ing langgar.

Nalika iku ana wong tuwa rambute putih kaya kapas nyedhaki masjid.

“pokoke arep daktambani penyakit ngompolmu. Ngerti? (Kaca 40, NDL No.7).

“Wis, Le!” Muni ngono Mbah Jenggot tangi jenggelak karo marani lemari. Njur njupuk gelas sing warnane kuning kaya adhukan tletong sapi, njur gelas iki diathungake menyang bendhol.

“Iki Lhe gage ndang ombenen, dhemen loro ngompolmu cablas.”

Saglegegan isih gelas iku entek gusis. Ambune lengur-lengur kaya banyu banyu peceren, bar ngombe ngantuke Bendhol kaya ora bisa diempet maneh (Kaca 42, NDL No. 7).

Miturut kapitayan panjilmane wong tuwa kanthi rambut putih kasebut minangka panjilmane jim masjid. Jim masjid kasebut arep menehi tetulungan nambani penyakit ngompol bocah kang seneng ngibadah kuwi. Wujud tetulungane jim arupa omben-omben, banyu rupane kuning kaya adhukan tletong sapi, kanthi ambu kang lengur. Omben-omben kasebut minangka obat kanggo nambani penyakit ngompolane bocah iku.

Kita minangka titahe Gusti kang kudu percaya yen kabeh penyakit mesthi ana tambahe. Yen manungsa ora bisa menehi tetambah, obat kasebut bisa saka awake dhewe, uga bisa saka bab kang gaib, saka panguwasane bangsa alus kang menehi ptulungan nambani lara ngompol Bendhol. Awit diwenahi tamba Jim masjid kuwi, Bendhol wis ora ngompolan maneh. Mula dadi manungsa kudu bisa njaga solah lan bawa, ngati-ati saben nindakake penggaweyan, ora ana sing ngerteni bebaya kuwi tekane kapan.

Ngelmu Pengasihan

Pengasihan tegese ilmu spiritual utawa supranatural kang nduweni fungsi kanggo pangaribawani alam sadhar, ditujokake marang wanita utawa priya kang ditresnani supaya ndadekake katresnan. Saperangan masyarakat percaya yen ilmu kasebut bisa nggawe katresnan kang ora samesthine. Katresnan kang sadurunge ora didhasari kanthi rasa pangrasa antarane wong wadon marang wong lanang utawa wong lanang marang wong wadon.

Aku wis ngerti kelemahane bojo. Mula kanthi ga-ya Arjuna menek kates, dakcedhaki bojoku. Njur ngilmu semar mendem lungsuran saka Simbah dakwateg.

... pancen isih mandi japa mantra pengasihan saka leluhur iku. kabukten, voltase muring-muringe bojo kok ya mendha lan ketok sumeh (Kaca 14, NDL No. 3).

Pethikan mau ngandharake ngenani bab ilmu pengasihan. Ilmu pengasihan iki dipercaya, lan kerep digunakake wong Jawa kanggo ngluluhake atine wong kang dicedhaki, utawa ditresnani. Jinisi ilmu pengasihan akeh bnaget salah sajine yaiku pengasihan Arjuna, ilmu iki digawe njupuk utawa nggawe kesemsem wong wadon, kanthi laku mutih pitung dina wekasan pati geni (Wingapanitra, 1966:17). Ilmu pengasihan kagolong ilmu warisan saka leluhur kang diwarisake marang murid-muride mung kalawan lesan. Ilmu kasebut ditindakake kanggo pangaribawani alam sadhar, kang bisa ngedhemake ati lan bisa nggawe mendha wong kang nduweni mangkel utawa muring-muring marang kita. Praupane wong kasebut sajak beda, maune mrengut lan muring-muring, bisa dadi sumeh sajak ora ana kedadeyan apa-apa, lan manut marang apa kang kita ucapake.

Sumbering Kasekten

Sumbering kasekten kang dinduweni manungsa bisa tuwuh saka bab kang ora nyata. Bab kang bisa ndadekake manungsa nduweni kakuwatan kang sekti. Kakuwatan kang pang-pangan utawa sekti iki diwarisake bangsa alus awujud genderuwo marang pamudha kang seneng tinju. Genderuwo kang manggon ana ing wit sawo ik, saperlu kepingin jajal elmu kang dinduweni manungsa kasebut.

...., ananing mung kaya ngantem angina thok. Iku nambahi jengkele Warson. Sakedheping netra banter angina, tangan sing ora mrekekel iki ngantem janggute Warsono. Warsono kepentel. Ndlosor (Kaca 21, NDL No. 4).

Ya muga-muga wae kanthi diajari tinju genderuwo iku, Warsono tembene dadi petinju sing peng-pengan (Kaca 22, NDL No. 4)

Pethikan mau ngandharake bab sumbering kasakten kang lungsur saka bangsa alus, yaiku genderuwo. Genderuwo mujudake bangsa alus kang nduweni sipat jail, lan bisa arupa wujud kang beda-beda. Genderuwo biyasane manggon ing wit gedhe lan wit pring. Genderuwo nduweni kakuwatan kang liniwih, yaiku bisa adu tandhing lan elmune bisa luwih saka petinju. Genderuwo kang memba-memba dadi wong enom, dheweke ngajak adu tandhing karo pamudha kang uga nduweni kaluwihan yaiku petinju. Genderuwo kasebut kepingin weruh sapira gedhene kakuwatan lan elmune anggane latian tinju.

Kesaguhane Bangsa Alus Marang Panjaluke Manungsa

Sagah nduweni teges saguh, kang artine gelem lan siyap nindakake bab utawa panggaweyan kang diprentahake (Sudaryanto lan Pranowo, 2001: 911). Manungsa lan bangsa alus nduweni kuwajiban kang padha yaiku nyembah marang Gusti Kang Murbeng Dumadi.

Teguh temen gegayuhanmu, njur saiki kepriye manungsa?"

"Ngene Sang Raja, wiwit dina iki desaku ora setor glondongan pangareng-areng marang kraton kene...." (Kaca 28, NDL No. 5).

"Hiya! Awakmu daktantang adu kasekten. Yen aku sing kala, saben taun glondhongan pangareng-areng arupa tumpeng lan wedhus kendhit telu daksagakake, nanging yen aku sing menang awakmu saben taun kudu setor glondhongan pangareng-areng arupa tenaga mbangun desa." (Kaca 28-29, NDL No.5).

Kapitayan lan kedadeyan kang ana ing desa amarga bangs alus. Saben desa mesthi ana tradhisi-tradhisi kang ditindakake kanggo ngormati sing mbaureksa utawa dhayang desa. Cara kanggo ngormati kanthi cara nglaksanakake saben setaun pisan menehi seserahan utawa sesaji arupa glondongan pangareng-areng. Panguripan wong kang manggon ing desa isih percaya banget marang tradhisi lan tumindak kang dilakokake jaman biyen, yaiku menehi sesaji kanggo sing mbaureksa ana ing desa. Tujuwane masyarakat menehi sesaji saben sataun pisan, supaya masyarakat desa kasebut ora bakal kena bebaya lan cilaka.

Yen bangsa alus kang mbaureksa ing desa kala, dheweke ora bakal njaluk sesaji gelondhongan pangareng-areng arupa wedhus kendhit, ora bakal

ngganggu pangguripane bangsane manungsa, lan bakal nyiyapake gelondhongan pangareng-areng arupa tenaga. Tenaga utawa kakuwatane bangsa alus kanggo menehi pambiyantu mbangun desa. Syarat mau minangka kasaguhane bangsa alus marang panjaluke manungsa.

Piweling Bangsa Alus kanggo Manungsa

Piweling minangka sipat kanggo menehi pangeling-eling marang sapa wae kang salah. Urip ing donya kuwi kebak pacoban, yen kita ora bisa ngadhepi kanthi ati kang legawa, kita bakal keblinger marang kahanan kang ora jelas. Kedadeyan kang diandharake ana ing cermis NDL ngenani piwelinge bangsa alus marang manungsa. Rasa dhendhame bangsa alus marang manungsa, ndadekake manungsa sadhar marag sipate.

Mas Jalu Mamrang si 'antenar' kota sing ujure dadi direktur iku jane mung kombang. Kombang sing gawene nyesep kembang-kembang. Jan-jane dheweke kerja dadi germono ing lokalisasi pinggir kutha (Kaca 10, NDL No 2).

"Aja, aja surti! Aku wis tobat. Aku wis kapok. Aku kepengin urip."

Mas Jalu wis ngedhap. Raine pucat karo wel-welan. Dheweke ngadeg.

Nyatane nyawane isih ketulungan. Ananging wadine wis bablas ilang (Kaca 12, NDL No.2).

Pethikan mau ngandharake panguwasane bangsa alus awujud piweling marang manungsa. Piweling kasebut katujokake marang manungsa kang nduweni watak kang kurang apik, kayata seneng nyecep kembang-kembang. Nyecep kembang bisa diarani seneng nggawe dolanan utawa gonta-ganti pasangan. Kabeh tumindak yen wis dadi kabiasaan, miturut wong kang nglakoni ora ana rasa salah utawa rasa kang liyane. Kabeh kuwi ditindakake kanggo kasenangan samata, mung kanggo seneng-seneng golek dhuwit.

Apa kang ditindakake bakal ana ganjarane lan piwaese. Si Jalu Mamrang kang senengane nyecep kembang kuwi, saiki oleh ganjaran, barang wadine ilang. Ilange barang wadine kuwi amarga piukumane roh yaiku Surti. . Kapitayan bab ilange wadine Jalu Mamrang iku kanggo piweling dheweke lan liyane supaya ora nganti nindakake bab kang ora samesthine ditindakake.

Piukumane Bangsa Alus kanggo Manungsa

Piukumane bangsa alus ditindakake kanthi rasa dhendham, minangka wujud males tumindak wong liya kang nate nglarani utawa ngganggu katentreman. Wujud tumindak bangsa alus kang males tumindak manungsa kang nindakake bab ala yaiku ngrugekake wong liya.

"Kita ini gimana enaknya, mengenai si Mukiya itu yang sudah mencuri kekayaan kita. Dan empat kita diabrak-ablik."

"Kita selbu aja engkoh kita sate,kita bakal ramai-lamai." (Kaca 60, NDL No. 10).

Aku gage menyat. Astaghfirullohalngadiim, omahe padhe Mukiya ludhes entek dipangan geni sing ngalat-alad.

Pakdhe Mukiya diseret-seret dening wong Cina sepuluh sing awake wis gosong kabeh (Kaca 61, NDL No. 10).

Manungsa kang nduweni watak kang srakah, kedonyan marang raja brana. Ana sawijine pekuburan Cina kang arep dibongkar kanggo mangun gedhung pekantoran. Akeh wong kang ora gelem diajak mergawe mbongkar pakuburan kasebut, amarga miturut kapitayan masyarakat Jawa pakuburan minangka panggonan utawa omah kelo ro sawisi mati. Pakuburan uga minangka panggonan kang wingit utawa angker, yen dipikir kanthi nalar yen panggonan kasebut dibongkar lan bangun dadi bangunan, penunggu kang bisa diarani bangsa alus iku bakal murka lan bakal nggawa bebaya ing desa kasebut.

Kapitayan sajrone Wawasan Sosiokultural

Kultural utawa budaya mujudake bab kang dumadi ana sajrone bab antropologi. Manungsa lan kabudayaan ora bisa dipisahake, amarga mangsa nduweni peran kang wigati kanggo ngrantap aspek-aspek budaya, mligini bab kapitayan. Bab kapitayan kang ditindakake masyarakat awit jaman leluhur nganti jaman saiki, kayata tirakat, semedi, pralambang impen, ngalap berkah, pusaka, lsp.

1) Syarat lan Sarana

Syarat lan sarana mujudake peranan kang ana sajrone budaya. Syarat mujudake tata cara utawa ubarampe kang dibutuhake sajrone nindakake bab kang sesambungane karo sosiokultural. Sarana mujudake tumindak kang ditindakake kanggo njangkepi kekarepan lumantar ritual-ritual budaya. Syarat lan sarana kang ana sajrone wawasan sosiokultural, bakal dijlentrehake ing ingisor iki.

Tirakat

Endraswara (2006:197-198) ngandharake yen lumantar tirakat bisa nuwuhake rasa adreg, kanthi nyawijikake ati kang resik lan tatag, madhep karep lan mantep.

“Ing kuburane Kiman iku Yu Jinab njur kirim donga. Kembang telon anggone tuku dhek wingi njur disawurake ing kuburan sing lemahe isih abang iku (Kaca 6, NDL No.1).

“Oh! Aku njur kelingan Mas Jlintreng sing arwahe wis nulung ujianku.

Mula esuk iki uga aku ngajak Mas Kur tuku kembang menyang pasar kembang saperlu nyekar ing makame Mas Jlintreng (Kaca 104, NDL No. 17).

Sarana tirakat kang ditindakake kanthi ora langsung kaya kang diandharake sajrone pethikan mau. Tirakat kanthi tujuwan paring donga marang wong kang wis ora ana, supaya rohe bisa tenang ana alame. Tirakat kang di kanthi cara nekani pakuburane, nyawijikake ati lan karep kanggo kirim donga. Pungkasan kanthi sarana nyebar kembang telon. Wong kang ditekani wong kang wis mati, bisa saka pangimpen, utawa medhia liyane. roh kasebut minangka pangiling kaluwarga kang ditinggalake, saperlu kanggo njaluk donga.

Pralambang Impen

Impen mujudake alam kang ora nyata sajrone turu. Miturut pamawase masyarakat Jawa Impen mujudake pratandha kanggo menehi weruh apa kang bakal kelakon,

utawa kedadeyan kang durung bisa dingerteni bener orane. Akeh kang percaya yen impen iku mung kembang wong turu. Sajrone cermis NDL, yaiku dialami salah sijine paraga, Nalika impen kaya-kaya dikroyok pitik ewon. Impen kasebut pratandha ala, yaiku tumekane lara kang ora wajar.

Joker ing ngomah crita yen anggone ngimpi iku kaya diroyok pitik dhingklang sing dibalang. Bubar kedadeyan iku, anehe Joker sig seneng meLikan iku maLik grembyang. Awit dheweke njur nduweni lara ngantuk (Kaca 54, NDL No. 9).

Pethikan mau ngandharake bab kang dumadi kanthi nyata kang disambungake karo pratandha ngimpi. Pitik ewon kang dhingklang mujudake pratandha ala kang bakal kedadeyan karo Joker. Akeh perkara kang bakal kedadeyan lan bisa nganti tumekane lara kang ora wajar. Pitik kang ana sajrone ngimpi mujudake panjilmane kewan kang sadurunge arep dicekel kanthi peksa. Kewan kang urip ana ing alam kanggo golek pangan diuber nganti nggunakake watu gedhe. Watu kasebut diuncalake nganti ulune madhul-madhul, lan kena sikile. Wujud pitik kasebut minangka jilmaa kang dadi pralambang sajrone impen. Pralambang kasebut kanggo pangeling-eling manungsa supaya ngati-ati sadurunge nindakake pakaryan.

Sesaji

Endraswara (2006: 247) Simbol-simbol kan digawe sajrone ritual, bisa diarani sesaji, tumbal, ubarampe. Sesaji minangka aktualisasi saka pamikir, pepengen, lan rasa, saperlu kanggo nyedhakake dhiri marang Gusti kang Murbeng Dumadi. Cara nyedhakake dhiri kanthi cara sesaji, minangka wujud akumulasi budaya kang asipat abstrak.

Nalika iku sing mbaureksa ke-dhung Munengan ngamuk-ngamuk amarga wis sataun desa Panggul kono ora menehi cadhongan. Yaiku tumpengan lan mbeleh wedhus kendhit telu. Lulang lan siraha wedhus dicemplungake Kedhung Munengan (Kaca 25, NDL No. 5).

Karang kedhempel ora ngenekake bersih desa. Ora menehi tumbal wedhus kendhit minangka upeti marang panguwasane Kali Bango kasebut (Kaca 32, NDL No. 6).

Dhayang kang mbaureksa saben dhaerah, minangka bangsa alus kang njaga katentremane desa. Yen manungsa ora gelem desane nandhang lelara lan bebaya, saben setaun utawa saben sasi-sasi taramtu kudu nyetor sesaji utawa cadhongan. Sesaji arupa tumpeng, wedhus kendhit telu, lulang lan siraha wedhus dikubur utawa dicemplungake ana ing panggonan tartemtu, kayata Kedhung Munengan lan Kali Baga. Bangsa alus kang mbaureksa sagah njaga lan ora bakal ngganggu katentremane desa, lan bakal nolak bebaya kang teka.

Pusaka Tutkem

Pusaka mujudake samubarang kang dianggep nduweni kasekten lan dianggep keramat. Pusaka biyasane arupa samubarang kang diwarisake kanthi turun-temurun saka leluhur utawa guru supranatural. Kalff (laras karo Koentjaraningrat, 1984: 341)

ngandharake yen samubarang kang dianggep kramat, iku biyasane manggon ing barang-barang suci, mligine pusaka.

“Iki dakgawani wesi aji jenenge Tutkem.”

“Entut Bakem. Yen ta Cundrik iki mbokrapal, njur Cundrik iki mbok tempelake ing weteng, awakmu mesthi ngenut. Entut iku bekemen njur bekemna menyang musuhmu. Kaya ngapa kuwate musuhkena ‘Tutkem’ sida ora kuwat nadhahi (Kaca 33, NDL No. 6).

Pethikan mau ngandharake bab pusaka tutkem. Asale pusaka tutkem saka guru supranatural, kang diwenekake murid sapagurone. Cara panganggone pusaka, kanthi cara ngeningake batin, tatag marang apa kang dikarepake. Wujud pusaka arupa wesi aji, gunane kanggo nglawan musuh kang raja Abadan alus. Paprangan manungsa lan bangsa alus wujudake bab kang ditindakake kanggo golek katentreman. Bangsa alus nduweni daya kakuwatan kang linuwih, mula guru supranatural menehi pusaka kanggo muride supaya dheweke bisa menang nglawan mungsuh.

Ngalap Berkah

Bab-bab kang ditindakake manungsa kanggo golek kabegyan urip, kanthi ngerteni bab ekonomi Jawa. Ekonomi Jawa minangka usaha kanggo golek untung kang bisa dilakoni kanthi cara ritual mistik kejawen. Ritual kejawen minangka sarana kanggo golek pesugihan, prewangan, lan pelarisan panggonan kang dianggep nduweni kakuwaan gaib kanggo ngalap rejeki yaiku Gunung Kawi manggon ing Malang Jawa Timur (Endraswara, 2006: 289).

Sapa sing ora ngerti yen gunung Kawi papan kanggo ngalap berkah, kangge ajang golek pesugihan lan prewangan. Masyarakat sekitare Malang pancen akeh sing kurang percaya marang gugon tuhon sing kaya mangkon. Anehe, Kedadeyan sing angel dinalar iku sering sadi kasunyatan (Kaca 43, NDL No. 8).

Papan panggonan kang dianggep nduweni kakuwatan mistik, dipercaya masyarakat bisa kanggo golek pesugihan, lan pelarisan. Sawijine panggonan kang ana ing Jawa Timur yaiku ing Gunung Kawi kabupaten Malang. Akeh kang percaya yen gunung kawi minangka panggonan kanggo ngalap berkah. Saperangan masyarakat kang percaya tumeka ana ing Gunung Kawi minangka tradhisi. Masyarakat kang menyang gunung kawi nduweni tujuwan kang beda-beda ana kang arep nyuwun pesugihan, pelarisan, lan perewangan. Masyarakat uga ndadekake panggonan kasebut kanggo tapa, saperlu nitelake elmu.

Sedekah Bumi utawa bersih desa

Miturut De Hann Sajrone Tim ISBD (2008: 79) Sedekah Bumi uga minangka tradhisi kang dadi pakulinan kang turun-tumurun saka leluhur sajrone bebrayan. Sedekah Bumi minangka cara kang ditindakake masyarakat kanggo ngormati para leluhur, supaya desa kang dipanggoni ora nganti kena bebaya utawa cilaka lan uga kanggo rasa syukur amarga kasil panen kang akeh. Titi cara kang ditindakake yaiku saben setaun pisan utawa saben panen raya, desa nyiapake sasaji utawa seserahan, kayata wedhus gibas, kembang pitu warna,

tumpeng. Saliyan iku masyarakat desa uga ngarak seserahan iku mumeti desa lan ora nganti lali yaiku pagelaran tayub utawa wayangan.

Pak kepala Desa Puspa kanjeng sing nduweni kawigaten gedhe nanggulangi ama dianakake bersih desa. Yaiku kanthi dianakake hiburan lagen tayub sing tandhake saka Prigi. Njur bersih desa dipustake menenhi sesaji marang Dewne pari, yaiku Dewi Sri. Awi menthek miturut kepercayaan iku anak buahe Dewi Sri, ya si Menthek aja nganti ngganggu pari tandurane manungsa (Kaca 89, NDL No. 15).

Bersih desa minangka cara kang ditindakake masyarakat kanggo ngatasi perkara gagal panen, amarga penyakit utawa menthek. Tanduran pari kang ana ing desa Puspa kaserang ama penyakit, kang dipercaya penyakit kasebut minangka kiriman utawa kangganggu karo bangsa kang ora katon yaiku bangsa alus arupa menthek. bersih desa kang ditujuhake marang Dewi ne Pari yaiku Dewi Sri. Masyarakat Jawa mligine wong desa percaya yen Dewi Sri menika dhayang kang njaga pari, menehi pitulungan wong tani supaya ora nganti gagal panen.

2) Sesambugane Manungsa Lan Bangsa Alus

Manungsa minangka titah Gusti kang diciptakake kanthi sampurna nduweni akal lan pikiran. Akal lan pikiran kasebut digawe kanggo mikirake kepriye anggone urip mulya. Bab kanggo golek mulyane urip bisa ditindakake kanthi maneka cara, kayata bab sesambungan antarane manungsa lan bangsa alus, utawa bangsa alus lan manungsa. sesambungan mau sejatine padha wae, mung carane lan sapa kang ngawiwiti ngatonake wujud utawa sesambugane. Bab sesambungan manungsa marang bangsa alus bisa ditindakake kanthi laku tirakat utawa semedi.

“Aku marak ngarsamu iku merga bangsamu wis kumawani ngganggu bangsaku, yaiku petinggiku mbok ngganggu.”

“He, manungsa! mangertiya yen petinggimu iku wis kuwawani mbangkang. Ora asok glondhong pangareng-areng arupa buceng lan wedhus kendhit telu marang ngarsaningsun.” (Kaca 28, NDL No. 5)

Pethikan mau ngandharake bab sesambugane manungsa karo jagading bangsa alus. Tujuwane manungsa sesambungan karo jagading bangsa alus saperlu kanggo nggolek tamba lan kaadilan, supaya bangsa alus kang njaga ana ing desa ora nggawe lelara lan ngganggu katentremane warga desa. Lelara kang dialami petinggi desa saka tumindake dhewe, amarga dheweke kuwawani mbangkang ora aweh sesaji marang kang mbaurekna, arupa glondhongan pangareng-areng buceng lan wedhud kendhi telu.

Relevansi Sosial Sajrone Pawarta

Relevansi sosial yaiku sesambungan antarane masyarakat sajrone interaksi manungsa lan lingkungan, interaksi kang ngasilake wacana ana ing pawarta surat kabar, majalah ngenani kedadeyan kang laras karo panliten lan nuwuhake informasi anyar ing masyarakat.

Kapitayan bangsa alus ora kagolong bab kang anyar ing medhia cetak (Majalah, JawaPos, Kompas, lsp), lan saka medhia elektronik (pawarta liputan6, youtube, lsp). Kanyatan pawarta ngenani kedadeyan-kedadeyan kang njlentrehake jagading lelembut, wis ora winates akehe. Data pambandhing pawarta katulis kanthi basa Indonesia, lan saka sumber kang beda-beda.

1) Misteri Bangsa Alus

Manungsa ora gampang meruhi bab kang ora kasat mripat, mung manungsa tartemtu lan pilihan kang bisa meruhi bangsa alus. Bangsa alus biyasane manggon ing panggonan kang ora dipanggoni suwe karo manungsa, kayata dadah kosong, omah kosong, tlaga, lsp.

Selasa 16 November 2010, 06:57 WIB

DetikNews Bojonegoro (Misteri Makhluk Halus di Kantor Polisi)

Miturut saperangan warga, bangsa alus kang kerep ngaton ana ing sakupenge Polsek Dander yaiku bangsa alus kang nunggu ana ing sawijine panggonan dadah kosong kang ana samburine mapolsek. Wujud maneka warna. Wiwit wujud bangsa alus kanthi wujud bal geni kang mudhun saka nduwur, swara-swara kang aneh, kanthi ambu amis, isih akeh maneh jinise bangsa alus kang katon kaya lagi ngelar pagelaran wayang.

(<http://m.detik.com/news/berita-jawa-timur/d-1495089/misteri-makhluk-halus-di-kantor-polisi>), diunduh saka internet Minggu 5 Oktober 2017, 15:20 WIB).

Pratandha kang ana bisayase arupa swara-swara aneh, lan ambu amis. Saben dina tartamtu, keprungu swara wayangan lan gamelan Jawa, ana swarane nanging ora ana wujud kanthi nyata. Kaya dene ing jagading manungsa kang nindakake acara-acara wayangan kanggo acara hajatan, bersih desa, utawa ruwatan. Miturut masyarakat kang percaya marang jagading bangsa alus, bangsa alus uga nduweni tumindak, adat lan tradhisi kaya dene manungsa. Bangsa alus dhemen banget karo unen-unen gamelan Jawa lan wayangan.

2) Semedi Kanggo Golek Kasekten

Semedi minangka cara kang ditindakake kanggo ngeningake batin supaya oleh pepadhang lan katentremaning jiwa. Lumantar Semedi uga bisa nuwuhake rasa adreg, kanthi nyawijikake ati kang resik lan tatag, madhep karep lan mantep, marang apa kang dikarepake.

Jumat, 04 Januari 2008, 17:28 WIB (Semedi neng Gunung Lawu)

Soeharto minangka pawongan kang cedhak karo bab kang mistis. Dheweke nindakake ritual mistis, ngoleksi pusaka lan jimat saperlu kanggo nanbahi kakuwatan, sarta nduweni prewangan bangsa alus. Ritual mistis kang ditindakake Soeharto yaiku semedi utawa tapa ing panggonan-panggonan kramat utawa wingit. Gunung Lawu minangka panggonan kang paling didhemeni, dadi panggonan kang nduweni kakuwatan mistis paling gedhe ing dhaerah Jawa. Ora mung semedi ana ing panggonan kramat, Soeharto uga nindakake TapaKumkum.

(<http://m.detik.com/news/berita/874978/semedi-di-gunung-lawu>)

diunduh Sabtu, 11 Oktober 2017, 08:00 WIB.

Soeharto kagolong wong kang seneng nindakake bab mistis. Bab kasebut ditindakake kanggo oleh kasekten, saengga ora gampang digoyahake musuh. Soeharto bisayane nindakake semedi ana ing panggonan-panggonan kang kramat utawa wingit. Laku semedi iku ora mung kanggo goleki kasekten, nanging uga kanggo ngolehake pusaka lan jimat kanggo gegamane urip. Saliyane nindakake semedi ing panggonan kramat, Pak Soeharto uga nindakake tapa kumkum.

Relevansi Sosial Aspek Pamawas Masyarakat

Relasi masyarakat bab kapitayan bangsa alus sajrone cermis NDL. Cermis NDL mujudake salah sawijine karya sastra kang ngrembug babagan kapitayan marang jagading bangsa alus. Isine ngenani samadyaning kapitayane wong Jawa kang isih ngrembaka lan diugemi dening saperangane masyarakat ing jaman saiki.

Kapitayan ngenani bab asipat supranatural kang nuwuhake daya pengasihan, pesugihan, lan pelarisan, pambiyantu roh, lan dhayang, lan sumbering kasekten. Kapitayan mau minangka wujud kakuwatan saka bangsa alus. Kapitayan-kapitayan mau isih diugemi dening saperangan masyarakat. Mula saka kuwi ing panliten iki dibutuhake pamawas utawa relasi lan panemune masyarakat.

“ada dua, yang pertama itu imajinasi, dan yang kedua saya tau tetapi dengan rasa. Mengintip ingin tau dengan bahasa batin, kekuatan rasa lebih dahsyat dibandingkan kekuatan ragawi. Kekuatan ragawi yang nampak, tetapi rasa bisa melihat hal yang tidak tampak (Slamet Sri Mulyani, 14 Desember 2017).”

crita misteri NDL mujudake crita kang ngadhut bab misteri bangsa alus. Bab kang dirembakake saka imajinasi lan pangalaman pangripta, banjur crita kasebut diripta kanthi tulisan kang endah. Irah-irahan *Nginceng Donyaning Lelembut* tegese kepingin weruh lan ngerti jagading bangsa alus. Lumantar nginceng saperangan kedadeyan kang bisa dirasakake nggunakake kakuwatan batin. Miturut pangripta kakuwatan batin diperang dadi loro yaiku kakuwatan ragawi lan kakuwatan rasa. Kakuwatan ragawi ngandharake bab-bab kang katon lan nyata. Kakuwatan rasa yaiku kakuwatan kang tajem bisa meruhi kedadeyan-kedadeyan tan kasat mripat.

“Bangsa alus jelas adanya, ana sajrone al-quran Wama khalaqtul jinna wal insa illa liya’budun Tegese satemene Gusti Allah nyipakake jim lan alame manungsa, kajaba kanggo ngibadah (Surat Adh-dharyat:56). Dijelaskan dalam Al-quran surat Al-Baqarah Inahu lakum audhu wa muubiynun tegese sesungguhnya jelas setan adalah musuh yang nyata bagimu (Khusnul Yakin, 19 November 2017).”

Miturut Khusnul Yakin ngandharake bab kapitayan bangsa alus iku ana lan nyata minangka Titahe Gusti Allah SWT. Firman Gusti Allah sajrone al-Quran surat Adh-dharyat-56 yaiku Wama khalaqtul jinna wal insa illa liya’budun tegese satemene Gusti Allah nyiptakake jim lan manungsa iku ora liya kanggo Ngibadah marang Aku (Allah SWT). Satemene

manungsa lan jim utawa bangsa alus iku nduweni kedudukan kang padha lan nduweni kuwajiban kanggo ngibadah marang pengeran. Manungsa sing nduweni kapitayan marang bangsa alus linuwih, saengga nindakake bab-bab kang mistis, ora liya iku mung tipu daya saka setan. Sajrone surat Al-Baqarah *Inahu lakum audhu wa muubiynun* tegese satemen setan iku musuh kang nyata kanggomu (manungsa).

“Yen diweruhi bangsa alus arupa kaya angin sing mumet-mumet, lan bayangan. Dene golongan bangsa alus awujud manungsa diarani jim sawer, lan arupa kewan diarani jim ganas. Golongan sing disebutna kaya lelembut, memedi, thuyul, demit, lan dhayang iku mug mujudake saperangan.

Wujud bangsa alus kang diandharake Pak Syamsuri, yaiku bangsa alus wujud kaya angin kang muter-muter lan mung arupa bayangan kang samar-samar. Golongan bangsa alus awujud manungsa diarani jim sawer, lan arupa kewan diarani jim ganas. Kabeh wujud bangsa alus kayata lelembut, memedi, thuyul, demit, lan dhayang iku saperangan jinise jim. Pak Sam uga ngandharake ngenani kepriye wujud, panggonan, lan gunane apa kanggo manungsa. Jinis-jinise bangsa alus kang ana sajrone panliten diandharake dening pak Sam. Lelembut mujudake bangsa alus kang kaya arupa angin, ora katon kanthi langsung wujud kepriye nanging mug kaya hawa angin, mung bisa dirasa.

“Genderuwo senengane ngganggu, sipate kaya manungsa, bisa njema dadi manungsa, wujud lanang. Dene yen wadon diarani galbo. Genderuwo duwe sipat kaya manungsa, kadhang jail bisa arubah wujud dadi wong lanang kanthi praupan kang persis. Iki dialami karo kancaku wadonku, ana wong lanang persis praupane pacare teka ing kos-kosane saben ketemu pacare ngajak turu bareng. Nalika ketemu pacare dicritakake apa wae sing ditindakake, pacare ya ora ngaku wong rumangsa ora tau mulih lan ora tau dulin neng kosane, bab iku ndadekake hubungane putus, konsultasi karo aku, sing biyasane teka iku dudu pacarmu tapi genderuwo (Syamsuri, 2 Desember 2017).”

Genderuwo kagolong jinise bangsa alus lanang. Genderuwo nduweni sipat kaya dene manungsa kang nduweni kepinginan lan nafsu. Crita ngenani genderuwo kang bisa arubah wujud dadi wong lanang, banjut tumeka ana ing wong wadon kang kerep ditinggal pasangane. Bab kaya mangkono kuwi nyata lan nyata dialami kancaku dhewe. Genderuwo iku bangsa alus kang seneng banget jail lan nggudo manungsa. Genderuwo uga kerep koyungyun marang wong wadon kang ayu, lan kerep ditinggal pasangane. Genderuwo kasebut wis weruh lan nitiki manungsa utawa wong wadone. Tumekane sawayah-wayah kanthi wujud praupan kang persis asline. Bangsa alus kasebut saliyané nduweni kekarapan kanggo nguntapake nafsune, uga kanggo ngrusak hubungan lan nggawe uripe wong kasebut sengsara.

“Iya panggonan kramat sing kaya iku pancen ana, amarga akeh banget wong sing budhal rana kanggo golek pesugihan. Kramat iku panggonan sing kudu diwuri-wuri utawa dijaga. Nanging kita

aja nganti kegodha. kabeh iku mung makhluk ora pencipta (Sutaji, 18 November 2017).”

Pethikan kang diandharake Pak Sutaji ngenani kapitayan masyarakat kang isih percaya ngenani panggonan kramat. Panjenengane ngawastani yen panggonan sakral pancen ana lan ngrembaka awit jaman leluhur. Panggonan krama utawa sakral minangka panggonan kang dipercaya nduweni kakuwatan utawa daya-daya mistik kang gedhe. Masyarakat percaya yen tumeka ana ing panggonan kasebut apa kang dadi kekarepan bisa kawujud, salah sijine yaiku golek pesugihan. Yen jaman biyen panggonan kramat kerep didadekake panggonan tapa utawa semedi kanggo golek elmu kang adi luhung.

“Iya, ananging saliyané nulung ana carita kang kasuwur ing sajeroning masarakat yaiku jim mesjid seneng ngelih wong kang turu ing jero lan ngarepe panggon imam (Andri, 26 Desember 2017).”

“Iya, wong Jawa nduweni kapitayan anane limang jinis bangsa alus kuwi. Nanging tumraping wong Jawa uga percaya anane lelembut kang sinebut “wali”. Wose Nalika ana bocah cilik dolanan barang landhep wong tuwane mesthi kandha, “ati-ati yen mengko ana wali liwat mundhak kesampluk temenan (Andri, 26 Desember 2017).”

Jim langgar mujudake jinise bangsa alus kang manggon ing langgar, lan kagolong jim kang apik ora ngganggu manungsa, nanging kerep menehi pitulungan marang manungsa kang nduweni kapribaden kang apik. Responden Andri ngandharake yen jim ora mung nulung, nanging kerep nduweni sipat kang jail marang manungsa. Ana salah sawijining crita kang diandharake ngenani crita kasuwur jroning masyarakat. Jim kasebut seneng nggodhani wong kang turu ana ing masjid utawa langgar, wong kang turu kerep dipindhah ana ing njero lan ngarepe panggonane iman.

PANUTUP

Asile panliten ngenani bab kapitayan marang bangsa alus kang ana sajrone crita misteri *Nginceng Donyaning Lelembut* (dicekak NDL) dipta dening ST. Sri Emyani, lan saka kanyatan ing bebrayan. Bab kapitayan kang tinemu sajrone cermis NDL, ana telung perkara, yaiku (1) kapitayan bab ana lan wujuding bangsa alus, (2) kapitayan bab watak lan pangwasane bangsa alus, (3) kapitayan bab sosio kultural/budaya.

Kapitayan bab anane bangsa alus ngandharake yen bangsa alus sejatine ana lan nyata ing jagad gumelar, nanging wujud ora kasamurupan tan kasat mripat, manggon ing alam gaib. Kapitayan wujuding bangsa alus dipérang dadi telu, yaiku lelembut (jim lan peri), memedi (wewe, genderuwo, lan pocong), lan thuyul.

Watak positifé bangsa alus nuwuhake tumindak apik, yaiku menehi pambiyantu lan pangeling-eling manungsa. Watak negatifé bangsa alus mujudake tumindak ala, yaiku ngganggu katentremané manungsa. Kapitayan bab pangwasane bangsa alus nuwuhake tumindak-tumindak, yaiku pambiyantu (ngasilake elmu pengasihane, kasekten, kesagahane bangsa alus marang panjaluke manungsa); piweling bangsa alus kanggo manungsa kang ala; lan piukumane bangsa alus.

Bangsa alus mujudake titah Gusti Kang Murbeng Dumadi, ora bisa ditampa dening panca indriya. Bangsa alus uga minangka kanyatan faktual ing panguripan, bisa tuwuh saka proses interaksi rasa pangrasa antarane manungsa lan bangsa alus. Jaman saiki uga isih ana saperangan masyarakat kang nduweni kadigdayan linuwih, lan meruhi bab bangsa alus kanthi cetha. Sejatine panguripan, tumindak, watak bangsa alus iku padha karo manungsa. Bangsa alus bisa weruh apa kang ditindakake manungsa, nanging manungsa biyasa ora bisa meruhi bangsa alus. Kadigdayan wong kang pinilih saka Gusti, nduweni kapitayan padha kang kaya kang ana ing crita misteri NDL. Bangsa alus wujud akeh banget, kayata jinise lelembut, memedi, dhemit, thuyul, dhayang, lsp.

Gusti kang Murbeng Dumadi nyiptakake jagad lan saisine kanthi rong perkara, kayata ana padang lan peteng, ana lanang lan wadon, uga ana jagad kang nyata (manungsa) lan jagad kang ora katon (bangsa alus). Perkara kasebut mujudake kuwasaning Gusti kanggo ngeimbangake kahanan kang ana ing donya. Gusti nyiptakake manungsa lan bangsa alus kanthi kanthi wujud kang beda, nanging tujuwan.

Tujuwan kang padha antarane manungsa lan bangsa alus yaiku nyembah lan ngibadah marang Pengeran. Ngibadah marang Gusti kanggo pedoman urip, supaya antuk berkah lan patunjuk kang apik saka Gusti, kanthi cara nindakake bab kang diprentahna lan ngadohi bab kang dilarang. Mula manungsa kudu bisa njaga tata krama, salah bawa, lan ngati-ati sadurunge nindakake pakaryan supaya ora nganti ngrugekake awake dhewe utawa wong liya

Pamrayoga

Adhedhasar asiling panliten kang wis ditindakake, bakal diwedharake saperangan pirembugan kang dadi pamrayoga saka panliten iki. Panliten iki mujudake panliten kang isih adoh saka kasampurnan, amarga isih ana perangan kang durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Panliten ngenani kapitayan marang bangsa alus sajrone crita misteri NDL anggitane ST. Sri Emyani iki isih ana kekurangan lan kaluputan, mula panliten nduweni pangajab yen panliten bacute bisa ditindakake kanthi sampurna. Pamrayoga iki umume katujokake kanggo bebrayan jawa, mligine para pamaca lan panliti sabanjure kang arep nggawe.

DHAFTAR PUSTAKA

- Aminuddin. 2013. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Darni, D. (2011). *Eksistensi Roman Sacuwil dalam Sastra Jawa Modern*. ATAVISME, 14(2), 254-267.
- Denny. 2017. *Pengertian dan Gambaran Peri*. (online) <http://id.m.wikipedia.org/wiki/Peri> diakses 2 Maret 2017 pukul 10.28 WIB.
- Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. 1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Emyani, ST. Sri. 2013. *Nginceng Donyaning Lelembut* Kumpulan Crita Misteri. Tulungagung: Paramarta Triwida.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodelogi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- _____. 2006. *Mistik Kejawaen: Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Terjemahan Aswab Mahasin. Jakarta: Pustaka Jaya
- _____. 1995. *Kebudayaan & Agama*. Terjemahan Dr. Budi Susanto SJ. Yogyakarta: Kanisius.
- Gumilar, Setia dan Sulasman. 2013. *Teori-Teori Kebudayaan (teori hingga aplikasi)*. Bandung: CV. Pustaka Setia
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Seri Etnografi Indonesia No.2. Jakarta: Balai Pustaka
- _____. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- M.H Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut
- Mbr dan Asy. 2008. *Rahasia Umur Panjang Soeharto (1) Semedi di Gunung Lawu*. Jakarta: detikNews. (sajrone <http://m.detik.com/news/berita/874978/semedi-di-gunung-lawu>, diunduh Sabtu, 11 Oktober 2017, 08:00 WIB).
- Moleong, Lexy. 2009. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Nita, Deni Iska Dian. 2013. *Mitos lan Mistis sajrone Cerbung Salindri Kenya Kebak Wewedi* (sajrone skripsi). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Nurgiyantoro. Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 1987. *Penelitian Dalam Pengajaran Bahasa Dan Sastra*. Yogyakarta. BPFE
- Partoyuwono, Ki R.S Yudi. 1994. *Serat Wedharan Wirid Jilid II*. Surabaya: Jaya Baya.
- Prabantari, Puspitaning Dyah. 2013. *Unsur Gaib Sajrone Cerbung Nothok Lawang Ping Patbelas Anggitane Esmiet* (sajrone Skripsi). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Purnomo, B. (1992). *Suluk Sujinah dan citra manusia Suntingan teks dan pendekatan intertekstual*. Doctoral dissertation: Universitas Gadjah Mada.
- Purwadi. 2009. *Folklor Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra dari Struktualisme hingga Postrukturalisme Perspektif Wacana Naratif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Solikhah, Alfiatus. 2015. *Mitos lan Mistis sajrone Silat Dredah ing Padhepokan Sukma Ilang Anggitane Widodo Basuki* (sajrone skripsi). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Sudaryanto dan Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sugiyono. 2014. *Metode Penelitian Kuantitatif & Kualitatif*. Bandung: Alfabeta.
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2015. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: CV. Bintang
- Teeuw, A. 1998. *Sastra dan Ilmu Sasra*. Bandung: Pustaka Jaya.
- Wln. 2010. *Misteri Makhluk Halus di Kantor Polisi*. Bojonegoro: detikNews. (Sajrone <http://m.detik.com/news/berita-jawa-timur/d-1495089/misteri-makhluk-halus-di-kantor-polisi->, Diunduh saka internet Minggu 5 Okober 2017, 15:20 WIB).